


MIBVUNZO NEMHINDURO

VAHEBHERU CHIKAMU II

 Ndinoda kutanga ndatenda mumwe nemumwe wenyu anga akawana shoko “rekunyengeterera mudzimai.” Ange achirwara zvikuru, kwazvo. Hatina kuziva kuti chaiva chii, uye hatizive zvakaitika, kwaingova kurutsa kukuru uye akanga akatoita kufenda chaiko, nekupisa muviri kungangoita zana neshanu, ndaitomuchengeta akaputirwa nemagumbeze echando. Saka . . . asi anaya zvino. Kupisa kwemuviri kwapera kwose, uye aita zvakanaka. Saka akarukutika zvakanyanyisa, akarasikirwa nemapaundi gumi, ndinofungidzira. Haasati . . . Manheru ano amedza chaaruma chake chekutanga kubvira Svondo. Uye saka anga achirwara zvikuru, uye takavimba naShe nokuda kwake, zvino Vakangobva kumukundisa. Zvino tinoda kukuudzai kuti murambe muchinamata kuti awane simba rake richidzoka.

³⁰⁴ Uye zvino, kupera kwevhiki kuri kuuya, Ishe vachitendera, ndinofanira kuenda kuMiami. Shamwari yangu mutana, Hama Bosworth, vari kuenda Kumusha, uye vave kuda kusvitsa makore zana okuberekwa. Zvino vakandifonera, vakati, “Hama Branham, huyai mundione izvozvi, ndinoda kukuudzai chimwe chinhu ndisati ndaenda.” Uye ivo . . . Saka, ndinofunga kuti vanoda kundinamatira, uye vongoisa maoko avo pandiri vasati vaenda, munoziva.

³⁰⁵ Uye ndi—ndinovimba kuti ndichagona kupedza mazuva angu ndine mukurumbira wakaita saF.F. Bosworth. Pavarume vese vandinoziva munyika, murume wese wandakambosangana naye munyika, handisati ndambosangana nomurume wandaishuva kuva saye, saF.F. Bosworth; se—semushumiri, zvandinoreva. Handisati ndambonzwa munhu mumwe chete, pasi rose, chero kupi zvako, ati ambotaura chirevo chimwe pamusoro paF.F. Bosworth asi aingove chaizvo mune zvese “Mukristu,” uye pazvose “hama chaiyo.”

³⁰⁶ “Kuparadzana kunosiya kumashure kwedu tsoka pajecha renguva.” Ihama inoshamisa, uye vakura chaizvo zvino, vave pedyo nezana. Saka vari—vari kungoenda Kumusha, ndizvo zvoga, uye vakandiudza. Vaiziva kuti vakanga vave kuenda, uye vakanga vakangomirira. Vakataura kuti nguva inotapirisa yehupenyu hwavo ndiko zvino pavakangomirira, asi vakati vakatozoziva kuti vari kuenda.

³⁰⁷ Ndikati, “Ndinofanira kuenda kuMichigan vhiki rino, Hama Bosworth.”

³⁰⁸ Uye vakati, “Saka, musaite kuti zvitore nguva yakarebesa, Hama Branham, handichakwanisa kugara kwenguva refu. Ndiri kuramba ndichipera simba nguva dzese.”

³⁰⁹ Saka vanga vari shamwari yakanyanyisa kwandiri, kuti ndisadzikako. Zvino, kana ndichifanira kubhururuka zasi, ndicha—ndichabhururuka ndichidzoka uye pamwe ndichange ndadzoka kuitira Svondo manheru; kana zvisina kudaro, saka, ndichatofanira kutyaira, uye zvingangonditorera nguva yakati rebei.

³¹⁰ Uye namatirai Hama Bosworth. Ingonamatai kuti Mwari... uye paVanotora mutana wekare, kuti Vangotumire ngoro yemoto uye yovatakura, maona. Ndinovada, vanga vakaita sababa kwandiri.

³¹¹ Mumwe murume mutana...ivo naHama Seward. Ndi—ndinoita sendinoti batikanei nevanhu vakwegura, ndi—ndinovada. Zvino Hama Seward mutana, vakaenda kunorara saizvozvo, zvakare. Ndizvo, Hama Seward vanga vasati vakura kudaro, handifungi, sezvakaite Hama Bosworth.

³¹² Uye namatirai Hama Bosworth. Zvinhu zvese hazvisi mutserendende panzvimbo pacho, asi zviri—zviri...Vanoda minamoto yenyu, asi chaizvo pasina hapo zvimwe kunze kwekungoti zvavo...kuti Mwari vavatendere kuenda murugare.

³¹³ Zvino...Uye zvakare tinoda kurangarira, zvakare, kuti mangwana, Ishe vachitendera, tinoviga mumwe weshamwari dzedu anobva pachechi pano, Hama Sol Coates. Vainge vari pano nguva dzakawanda, vakashanda muhofisi yeposvo kwemakore. Zvino vakafira kuVeterans Hospital humwe husiku. Hama Cox neni takaenda kunovaona, uye vaiva... vakaderera kwazvo. Zvino vakatungamira zvino, Mukristu. Uye tiri kuvaviga vachibva kwaCoots’ Funeral Home mangwana masikati naone o’clock, Hama Neville neni. Vaimbi vatatu vekwaNeville vachange vachiimba; uye tichange tichigoverana shumiro dzacho, Hama Neville neni. Ndiko kuti, handina kuziva patakaita gadziriro kuti chii, uye nokuda kwaMeda. Uye saka, zvino, mariro avo achange ari mangwana masikati naone o’clock, kwaCoots’ Funeral Home.

³¹⁴ Uye zvadaro, natwo o’clock, Chishanu, VaWheeler. Taivadaidza kuti Pod Wheeler; ndivo, ndakanganwa chaizvo kuti ravo chairo...Uye, munoziva, ini—ini ndakangozviona mubepa uye ndikasaziva kuti aive ani, kusvikira ndazozviwana. Akanga ari muvakidzani wedu kwemakore, uye—uye achangobva kushaika. Akanga ari pano chaipo pamberi pechechi, humwe husiku, uye ndakanga ndichiedza kumuita kuti auye kuchechi. Humwe husiku, angangoita mavhiki matatu apfuura, akamira neche apo, uye ini ndichingoedza kumunyengetedza kuti auye muchechi. Nekuti, handifunge kuti

aienda kucheche kana kuva nechero chitendero chaaipupura, asi ane mukomana atori muparidzi weBaptisti. Asi akanga asina chero chitendero chaaipupura sekuziva kwandinoita, uye aenda zvino kunosangana naMwari. Saka zvichave Chishanu masikati natwo o'clock paCoots' Funeral Home. Uyewo, Hama Neville nevamwe vachange vachiimba, uye pamariro ikoko.

315 Zvino saka, kana chero mumwe wenyu achida kuenda kushumiro dzacho, ndimangwana nenguva dzatwo, kana, mangwana nenguva dzaone. Ndinofunga kuti ndizvozvo. Handizvo here, hama? Uye natwo, imwe wacho. Ndizvo here? Two, paCoots' Funeral Home.

316 Uye zvino, Svondo mangwanani...Mugovera pachava nenhepfenyuro. Uye Hama Neville pamwe vachatenge vakuzivisai, kare, kuti chii...kana tikakwanisa kuva neshumiro yekunamatira vanorwara neSvondo manheru, kana chero nguva iyo yatichadzoka kana ndikabhururuka zasi ku—kuFlorida kunoona Hama Bosworth. Handizivi kuti ndichazobva sei pavari, ivo ishamwari chaiyo yakare inodikanwa. Uye pamwe nguva dzedu dzekupedzisira kusangana, kana, Ishe vazvitendera, panyika pano. Uye ivo...Handizivi kana ndichigona kubva pavari pakarepo kana kuti kwete; uye handisi kuda kubva pavari, asi, munoziva zvazviri, une zvimwe zvinhu zvaunofanira kuita.

317 Zvino pane chirevo chimwe chete chandinoda kutaura pano apo pasina vakanyanyisa kuwanda, uye vanhu vanova shamwari dzangu.

318 Ndinofara kuona Hanzvadzi Smith apo. Kekutanga kuvaona munguva refu. Makadii Hanzvadzi Smith? Gore, ini zvangu, ndinotenda pandakapedzisira kukuonai... [Hanzvadzi Smith vanotaura—Mupepeti] KuBenton Harbor, ndinovimba kusvikako imwe nguva. Zvakanaka. Ndinotenda kuti pandakapedzisira kukuonai, paive pashumiro yemariro muLouisville. Uye ndinorangarira Hanzvadzi Smith zvakanaka kwazvo. Kuti isu...Ndaisiuya kuzovatora nekarori pataidzika tichienda zasi kucheche. Tara yakare yemarasha yakaremba kuseri kwayo uye nemarata okufuridzisa achikwira nekudzika, uye iko kuchitonhora; uye ini, tsoka imwe iri kunze. Oo, ini zvangu! Mvura zhinji dzakapfuura dzichidzika nerwizi kubva ipapo, Hanzvadzi Smith. Hongu, changamire. Saka, tinotenda Ishe nerangaridzo dzakakosha idzodzo, uye tichiri kuVada.

319 Chimwe chinhu, mumwe munhu angashamisika, humwe husiku...Ndainge ndichitaura naHama Fleeman kunze kuno mumugwagwa. Uye dzimwe nguva mumwe munhu akati, "Shumiro ichingopera, chii chinoita kuti Hama Branham vangobve nekuenda?"

320 Hezvinoi zvazviri, mudzimai wangu ari ega. Maona? Uye kana ndikatanga kutaura, ndichataura hafu yehusiku, uye

hoyo uyo paari, akagara kumusoro ikoko ari ega nguva zhinji. Uye ndicho chikonzero chandinokurumidzira kubuda, kuti ndidzokere kwaari, munoona, panguva yehusiku; nokuti ndikatanga kutaura, ndinotaura kwenguva refu. Ndinotaura kune *uyu* hafu yeawa. Handikwanise kungopfuura ndoti, “*Makadiniko manheru ano? Makadii? Makadii?*” Handidaro. Ndinongomira ndotanga kutaura; zvino mumwe munhu otanga kutaura pamusoro pechimwe chinhu, zvino ndozova ipapo kweawa. Maona? Uye ndosaka, anogara uye omirira nezvimwe zvakadaro. Uye ndosaka zvakadaro. Ndanga ndisingangode kuti mufunge kuti yaive mhaka yekuti ndaisada kusangana neshamwari dzangu ndovakwazisa maoko, nekuratidza yanano yedu nezvimwe zvakadaro, asi yaingova nyaya yerudzi irworwo.

³²¹ Saka, zvino, munhu wose ngaave mumunyengetero kuitira vanorwara nevanotambudzwa.

³²² Uye Mai Harvey vari mudambudziko rose iroro, vari kuita zvakana. Hongu, changamire. Uye handione. . .Ini. . .Zvino panogona kunge paine, sekuziva kwangu, mumwe munhu, chiremba pano. Uye kana ndakanganisa ndiri papuratifomu ino, Mwari vandiregerere. Asi ndinotenda kuti Mwari vachaita kuti vana chiremba vazvipindurire pamusoro pezvavakaita kumudzimai uyu. Ndi—ndinotenda muopareseni, ndinotenda mumishonga. Zvirokwazvo, ndinozvitenda. Ndinofunga kuti Mwari vakavatuma kuno kuzotibatsira, zvimwe chete sezvaVakangotumira ana makanika vemotokari nevamwe vakadaro. Asi mudzimai mudiki uya, chiremba akanga amuradzika ndokumudzoserera, ndokuti, “Aive akazara nekenza, hapana chaigona kuitwa.” Mai vadiki veboka revana.

³²³ Ndakaenda zasi kwavari, ndikaedza kuvatsanangurira kuti kubudikidza nemunamato. . .Uye—uye vangori mudzimai wechidiki, vangangoita makumi maviri nemashanu. Uye kuti Mwari vakaporesa sei mwana wavo mudiki, anonzi “mwana wechishamiso” uko kuchipatara chevana zvino, aine meningitis. Uye kubva muchinhano chinotyisa chakadaro chekamu—kamuchinda kadiki zvakaiva, zvino Ishe ndokukapodza pakarepo. Ivo, vanachiremba, havana kukwanisa kuzvinzwisisa. Ndakadzika zasi kuna Mai Harvey, uye ndikati, “Zvino, Mai Harvey, vanachiremba vakutadzirirai here?”

³²⁴ “Hongu, changamire. Zviri. . .”

³²⁵ Zvino Murume wavo akati, “Hongu, hapana chinogona kuitwa, akangozara nekenza.”

³²⁶ Ndikati, “Zvakanaka, zvino chatinoda kuita, kutenda Mwari, kuti Mwari vacha—vachaporesa. . .kukuporesai.” Uye ndikati, “Maitikiro azvinoita, kenza inogona kusabva pakarepo; asi kana tikanamata, ipapo hupenyu hwekenza hunoenda. Munogona kurwara kwekanguva kakati kuti zvisinei, uye—uye” ndikati “munogona kusanzwa marwadzo pakarepo.”

Uye ndikati, “Zvino mushure memazuva mashoma munogona kuwedzera kurwara kupfuura zvekumashure.” Asi ndakati, “Munofanira kuisa kutenda kwenyu kuchipesana nekenza.” Ndakati, “Kana kenza ikararama, munofa. Kana kenza ikafa, munorarama.” Uye ndakati, “Zvino tichanamata.”

³²⁷ Uye takanamata, uye nehumbowo hwese hwandakaona, Mwari vakabata mutumbi wemudzimai. Uye pakarepo akatanga kuva zviru nani, akaenda kunoona amai vangu, akashanyira munharaunda, (apo akanga ari mukusuwa kwakadaro) akanga achisina marwadzo. Zvino zvakare mushure memazuva anenge matatu akatanga kurwara zvakare.

³²⁸ Uyezve ndakatozona kuti guta rakataura kuti ivo “vaizobhadhara mari yachiremba, kana vanachiremba vakaiopareta.”

³²⁹ Uye zvino kana ndiri kukanganisa, Mwari ndiregerere. Asi vakatora amai vechidiki ivavo, vakaita “chinhu chekudzidzira nacho” kubva paari. Vakamutora kunze uko, ndokutora kunyangwe maura ake kubva padumbu rake, nezvose. Vakatora zvose kubva munorasa namo mvura uye neese maura, ndokuzvibuditsa kunze kumativi. Uye vakanga vari patafura yeopareseni maawa mapfumbamwe nechimwe chidimbu. Mukoti akati, “Paiita senzvimbo yekuura mhuka, pavakakandira zvemukati make kwese-kwese, ndokuisa nhengo dzemazai dzepurasitiki nemachubhu epurasitiki.” Zviru pachena, asi ichokwadi. Uye ura hwepurasitiki nezvinhu zvakadaro, ndokusiya mudzimai akarara mudambudziko iroro, amai vadiki. Ndinoti, nenzira yemafungiro angu, vanachiremba ivavo vane mhosva yekuura.

³³⁰ Akavaudza, akati, “Hama Branham vakandinamatira.” Ndokuti, “Isu tichatenda kuti kenza yedu . . . kuti kenza yakafa.”

³³¹ Ndokuti, “Ndine dzimwe nhau kwauri, ‘Kenza yako imhenyu.’”

³³² Aizozviture sei? Yakanga iri mukati, hapana x-ray inogona kuiratidza. Kenza ine . . . Haugoni kuziva kuti ikenza nex-ray, inyama pachayo, haugone kuiona. Pane chinhu chimwe chete chekuita, vakacheka mukati memudzimai ndokumugura kuita zvidimbu. Ndizvo zvoga. Zvino dai aive amai vadiki, ndaingomusiya aedze kutenda kwake muna Mwari pane kumuita “chinhu chekudzidzira nacho” kubva kumunhu akadaro. Zvino kana ini—kana ini ndiri kukanganisa, kana ini—kana ini ndiine chinangwa chisiri icho, ndinoda kuti Mwari vandiregerere, muri kuona. Nekuti handidi kuti mufunge kuti handitendi mumaopareseni kana kuti handitendi muna vanachiremba nezvinhu. Izvozvo zvakanaka. Asi ndinofunga kuti unofanirwa kuziva zvauri kuita usati wachera mumunhu, kwete kuvashandisa pane zvekudzidzira zvakadaro. Ndizvozvo. Uye zvino, chokwadi, haugoni kurarama. Ndizvo zvoga. Kana

akararama, zvirowkwasvo chichava chimwe chezvishamiso zvikurusa chati chamboitika. Mukadzi paakatarisa zasi ndokuona kuti ura hwake huri kune rimwe divi, uye itsvo dzake dzaifanira kushanda kune rimwe divi, akangobva afa sezvizi, akafa. . . Nhai, chaive chisiri chinhu. . . kanhu kaduku kanopisa urombo kakanga kaenda. Uye amai vangangoita makore makumi maviri nemaviri kana makumi maviri nemashanu vane vana vadiki vatatu kana vana vokurera. Chinhu chinonyanyisa kusiririsa chandati ndambonzwa muhupenyu hwangu. Ndakati, “Nenzira yemafungiro angu, chiremba wacho ane mhosva yeku. . .” Kana akatora mukadzi iyeye kuti angove chekudzidzira nacho nekuti guta rakanga riri kuzoibhadharira, zvadaro izvozvo zvakaipa, hazvifanirwe kubvumidzwa.

³³³ [Mumwe murume anobvunza kana Mwari vachikwanisa kudzoreredza mukadzi wacho—Mupepeti] Zvakanaka, ndinokuudzai, hama, hazvisi zvinotadzika. Uye izvo—izvo hazvisi. . . Zvi—zvinogoneka, uye zvakare zvingangoitika. Nokuti ndinoziva mumwe murume akabva ruoko, muCalifornia (imi mose muri kufambirana nazvo mubepa), akanamatirwa, uye ruoko *urwu* rwakanga rwakagurwa kubva kumusoro *kuno*, rwakakura kusvikira minwe yave kubuda parwuri zvino; kupfuura nepagokora, kupfuura nepachanza, kupfuura neparuwoko, uye zvikamu zvezvigunwe zvakadzokera pazvigunwe, munoona. Zviri mune, ndinotenda, *Herald of Faith* mwedzi wega-wega. Kunyangwe paanenge atambanudza maoko ake kunze *sekudai*, akazviratidza painge pakadimbukira ruoko rwake, parwakamera. Mwedzi wega-wega kuti rwakauya sei, kwerinenge gore.

³³⁴ [Hama yacho inotaura zvakare—Mupepeti] Chokwadi, ndizvozvo. Ndinotenda. . . Chi—chi—chinhu chisingawanzoitika, munoona, chinhu chisingawanzoitiki. Apo neapo ndakanzwa nezvazvo. Zvino, naHama Bosworth, vakanamatira mumwe mukadzi humwe husiku. Uye ndakava nemumwe mumusangano wangu. Asi waHama Bosworth zvakabva zvangoitika pakare ipapo; wangu akatora nguva yakati kuti kuti zviitike.

³³⁵ Vakanamatira mukadzi. . . Zvino, ndakaverenga chapupu chemukadzi wacho. Aive nekenza, asina mhuno; yakanga yadya mhuno yake. Zvino mangwanani akatevera mukadzi wacho akanga ava nemhuno. Zvino, ndinoziva izvi. . . Zvino, ndechaHama Bosworth, mubhuku ravo rinonzi *Kristu Mupodzi*, Ndinotenda, kana kuti, *The Joy Bringer*, rimwe. Zvino, zviri muchapupu chemudzimai, nezita rake uye nekero. Uye ane vavakidzani navanachiremba nezvimwe zvose zvinozviratidza, kuti zvakaiteka.

³³⁶ Zvino, kuLittle Rock, Arkansas, humwe husiku mune imwe kamuri, ndainge ndanamata imomo. . . kwete Little Rock, asi Jonesboro. Kwandainge ndamata. . . Ndakati, “Ndichagara

kusvikira ndanamatira munhu wekupedzisira.” Ndakanga ndiri papuratifomu kwemazuva masere pamwe neusiku, munoona. Uye ipapo...uye mukamuri maiva nomumwe mukadzi akauya, akanga akasimudza hengechepfu yake sezvizi, zvino ndakafunga kuti akanga achichema. Zvino ndakati...Oo, ndinofungidzira dzakanga dziri two kana three o'clock mangwanani, Ndakati, “Musachema, hanzvadzi, Mwari ndivo Mupodzi.”

³³⁷ Akati, “Handisi kuchema, Hama Branham.” Akaibvisa; akanga asina mhuno, maona. Vanachiremba vakanga vati... Kenza yakanga yadya kusvika papfupa jena riri maari... akanga achioneka. Zvino ndakamunamatira, uye ndikakumbira Ishe kuti vamupodze.

³³⁸ Zvino mavhiki mana kana mashanu kubva ipapo, ndakanga ndiri muTexarkana. Zvino pakanga paine murume akanga akapfeka zvakanaka akagarapo ipapo, akati, “Ndingataurawo shoko here, Hama Branham?”

³³⁹ Achangobva kusvika papuratifomu, mumwe wemaasha akaedza kumuita kuti anyarare. Ndikati, “Zvakanaka, ngationei.”

³⁴⁰ Akati, “Munocherechedza here mukadzi wechidiki uyu?”

³⁴¹ Ndikati, “Kwete, handidaro.”

³⁴² Mudzimai akati, “Kana mukatarisa mufananidzo uyu maizoucherechedza.” Uye akanga ari uyo anouraya tupukanana ku—kuTexarkana, uye ava vaive amai vake vaive nemhuno itsva yakanga yamera, yakangoubwa zvakafanana neimwe yacho.

³⁴³ Zvino zvinoratidza kuti Mwari...Ndakazviona zvakaitwa. Zvino, Mwari vanogona kuitira izvozvo kuna Mai Harvey vadiki. Uye ndinonamata kuti Vadaro, nokuti munhu wacho muduku anoda kurarama.

³⁴⁴ Hama Tony, manga mune chimwe chinhu here?

[Hama Tony vanotaura nezvekumwe kupodzwa—Mupepeti] Ndizvozvo chaizvo.

Ameni. Amen. Hongu, zvakanakawo, zvakare. Hongu, Vachazviita zvechokwadi, ndiVo Mupodzi.

[Mumwe murume anotaura—Mupepeti] Hongu. Hongu. Hongu, hama. Amen. Chokwadi. Hongu.

³⁴⁵ Chokwadi ndaizo...Manje, ndinovimba kuti Mwari vachazvidzoreredza kwauri, mwanakomana, unogona kudzokera nazvo wonomuratidza. Ndizvo chaizvoizvo. Ndezveuchapupu kuitira kubwinya kwaMwari, namatai kuti Mwari vazviite. Oo, Ivo—Ivo...Kana Vari Mwari Samasimba, Vanogona kuita zvinhu zvese. Kana Vasingakwanisi kuzviita, zvinhu zvose, haVasi Mwari Samasimba.

³⁴⁶ Pane chimwe chinhu chakaita kuti tive zvatiri, nenzira yatiri, kana kuti tingadai tine mu—musoro wakaita seshiri, kana zvimwewo zvakadaro, dai pakanga pasina humwe Hunyanzvi kumashure kwedu kugadzira mumwe nemumwe wedu aine chimiro, kugadzira muti wemuoki, muti wemupopura, muti wemuchindwe, uye—uye nokusiyanisa pakati payo izvo zva—zvairi. Vorega kutiita tine...dzimwe nemvere, uye dzimwe neminhenga, uye dzimwe nematehwe, ayo imi...Munoona, ndiwo—ndiwo Hunyanzvi huri seri kwaizvozvo, ndiwo—ndiwo hunotungamira izvozvo. Ndizvo Vakabata zvinhu zvose mumaoko aVo. Uye ndinoziva kuti Vanokwanisa kuita zvinhu zvose. Uye tichazvinamatira, tichanamata.

³⁴⁷ [Imwe hama inotaura inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] Ndizvozvo. Tine...

³⁴⁸ [Hanzvadzi Snyder vanoti, “Hama Billy, pamusoroi.”—Mupepeti] Hongu, amai, zvakana, pfuurirai henyu. [Hanzvadzi Snyder vanotaura kuti vakapodzwa Hama Branham pavakavanamatira imwe Svondo yakapfuura.] Amen. Munoziva, ndakaedza kufunga, Hanzvadzi Snyder, imwe nguva pandakanga ndakamira pano muchizoro ichocho, ndakafunga...Ndakaudza Hama Cox, Ndakati, “Handisi kuzomboedzazve mimwe yemisangano yekunzvera iyoyo zasi kutabhenakeri.” Oo, hamuzive kuti dhiyabhore iyeye anondishungurudza sei pane izvozvo, hanzvadzi. Kutu anozviita sei—sei! Munoziva, achindiudza pamusoro pekunzvera uku.

³⁴⁹ Zvino pano, zvakaikita kuti ndakazoziva kuti mukoma waMai Wood pano...Ndakanga ndisati ndamboona vamwe vevanhu vekwavo. Boka ravo rakapodzwa panguva iyoyo, uye munhu wese...Handiti, munoziva, ndicho chikamu chikuru kubva muzana chevanhu vakapodzwa. Uye mushure me...Chinhu chinoshamisa zvino: mukoma wavo, Ndakanga ndadya navo kudya kwemanheru humwe husiku, angangoita masvondo maviri izvi zvisati zvaitika, . . . Oo, ndeuko zasi-zasi mumakomo emuKentucky, uye ndi—ndinongoziva kuti vaive neizwi rakaita saMai Wood, uye mumba macho makanga musina chiedza chakajeka. Uye handina kumbobvira ndava nehany’n’a navo zvisinei, ndakanga, ndakataura zvakananyanya nemurume wavo, ivo vakagadzirira kudya kwemanheru. Zvino takabuda kunze ndokugara pasi tikadya; ndokudzokazve mukati, ndikataura nemurume wavo, ndokusimuka ndokubuda. Uye Mwari Vanova Mutongi wangu akatendeka vanoziva (ndakamira papurupiti ino) handina kumbocherechedza mudzimai iyeye.

³⁵⁰ Uye zvakadaro mushure mekunge shumiro yekunamatira vanorwara yapera, ndakadaidza vatadzi kuartari kuti vatendeuke. Zvino vakanga vakasindimara zvikuru pamusoro paZvo; zvino vakatendeuka uye vakapa hupenyu hwavo kuna Kristu, vakasimudza ruoko rwavo kuti vaizopira hupenyu hwavo kuna Kristu, uye vakanga vachichema. Mushure mekunge

chizoro chose chapera, ndichidaidza vanhu kuartari, nezvimwe zvakadaro. Zvino ipapo zvakaitika kuti ndakatendeuka, uye hepano paive nechiratidzo, zvino ndakaona hanzvadzikomana yavo; aiva hanzvadzi, uyu aiva hanzvadzisikana yake, uye ivo vari pamwe chete.

³⁵¹ Zvino ndakafunga kuti aiva mudzimai waCharlie, nokuti ndakaziva tigere patafura rimwe zuva, zasi uko kumba kwa—kwaCharlie. . . Mudzimai wake mudiki, munhu mudiki-diki, Ishe vakandiratidza dambudziko raakanga ambova naro. Uye kubva panguva iyoyo yacho, Ishe vakabata mutumbi wake, agere ipapo patafura yake zvino. Tony, kwataiva tiri, zasi ikoko, taenda kunovhima tsindi. Uye Ishe vakabata muviri wake vakabvisa chinhu ichi chaafanira kupfeka ose. . . kwehupenyu hwake hwose, kubva paari; akangogara ipapo. Uye mudzimai mudiki anogara achidyira kumusoro kune rimwe divi retafura, asi nhasi, ndokuuya ipapo chaipo, uye ndokupinza chigaro chake mukati, ndokudya ari padivi pangu chaipo. Haana kumboziva zvaakanga achiita. Murume wake akagara sezvizi, naHama Banks vagere apo, uye isu tichitaura. Zvino akatenderera, ndokutora chigaro chake, ndokuchigadzika nechepano parutivi rwangu. Uye zvaiva nechinangwa, Ishe vakaratidza chiratidzo pakare ipapo. Zvino ndakadana murume wake, nokuti rakanga riri dambudziko remadzimai, ndakatanga kumuudza pamusoro pezvakanga zvaitika. Akati, “Hama Branham, ndizvozvo chaizvo nzira yazvakaitika, chaizvo saizvozvo.” Zvino ipapo vakamuudza, uye Ishe ndokumupodza. Zvakanaka.

³⁵² Zvino zvadaro mushure mekunge shumiro yapera humwe husiku, zvino imwe hanzvadzi iyi, ndakaona Charles wechidiki uyu nemukadzi uyu vari pamwe chete. Ndakafunga, “Anofanira kuva mudzimai wake; asi mudzimai wake ane bvudzi rakachenuruka, zvino uyu mukadzi ane musoro une bvudzi dema.” Zvino zvakaitika kuti ndakacherechedza chiratidzo chakafamba ndokuenda mukona iri neche pano apa. Zvino akanga agere ipapo achipukuta maziso ake zvino Ishe vakaratidza chiratidzo mushure mokunge anga. . . kudanwa kuartari. . . mushure mekunge musanganano wekunamata wapera, kuporeswa kwevanorwara, nekudaidzwa kuartari kwatoitwa, zvino Mwari vakamirira kusvikira atendeuka uye apa hupenyu hwake kwaVari ndokubva vatendeuka ndokumupodza. Zvino akange aine. . . matambudziko ake akaita kuti ange akazvimba kwemakore. Uye adzikira zvakanyanya, nezvimwe zvose, kusvikira kunyangwe kuunyana kwetsoka dzake zvese zvakanga zvabva paari (chepfu dzacho) dzabva mumuviri wake. Anonzwa zviru nani kupfuura zvaati akambonzwa mumakore, munoono. Uye kuti Ishe nenyasha dzaVo dzinoshamisa vanoita izvozvo! Ndinofunga kuti ndiyo nyaya yacho; handiyo here, Hanzvadzi Wood? Uye kuti Vanoita sei! Mushure. . . Mati kudii? [Hanzvadzi Wood vanoti, “Akarasikirwa nemapaundi manomwe svondo

rapfuura.”—Mupepeti] Mapaundi manomwe pavhiki. Oo, iVo ndiMwari, handiVo here?

³⁵³ Zvino, ndichakutaurirai, chikonzero ndati kuna Hama Neville...Ndafunga kuti pamwe vanga vaine mharidzo yemanheru ano. Vati, “Kwete,” vanga vasina. Uye ndine mibvunzo mishoma pano yanga yakasara, Ndakanzwa ndichisingirwa chaizvo kuti ndisvike zasi kuno uye ndipindure mibvunzo iyi. Zvino ndine miviri kana mitatu mimwe yandisingazitora manheru ano.

³⁵⁴ Ndinoda kukuratidzai mimwe ichangobva kutambidzwa kubva kumuparidzi. Hama Neville vachango, kana, Beeler vachangobva kuuya nayo kwandiri. [Hama Branham vanopindura mibvunzo misere inotevera muChikamu III, semubvunzo 67 kusvikira kune 74—Mupepeti]

Mabwe anomiririrei ari muna Zvakazarurwa 21:19 ne 20?

Tsanangurai zvipuka zvina zvemuna Zvakazarurwa 5...

Vanoreva 6; haisi Zvakazarurwa 5, i6, ndinofunga.

Uye ndivanaani vakuru makumi maviri nevana?

Ko shinda tsvuku yaGenesi 38 yairevei?

Ko zvipo zvichatumirwa kupi zviri maererano nerufu rwezvapupu zviriviri, Zvakazarurwa 11?

Ko vatsvene vachazovepi mushure mekutonga kwechiuru chemakore? Uye vachava nemhando yemutumbi wakadii?

Tichatonga sei vatumwa?

Ibvuezvi rinova rengirozi dzaVaKorinde Vokutanga?

³⁵⁵ Ungataura nezve mimwe yakanaka, iyi ndemimwe yakanaka. Zvimwe handisi kuzosvika kwairi manheru ano, asi kana Ishe vachitendera, Ndichaedza kuitora nguva inotevera yatinouira izvozvo.

³⁵⁶ Ndine mimwe yakanaka kwazvo iri muno manheru ano; saka tichangonamata zvino uye tokumbira Ishe kuti vatibatsire, zvino topinda mairi chaimo kwemamwe anotevera, oo, maminiti makumi matatu nemashanu, makumi mana.

³⁵⁷ Zvino, Baba voKudenga vakaropafadzwa, tinotenda kwaMuri nokuda kwezvose zvaMakatiitira. Uye, oo, zvinoshamisa kwazvo kuti nyasha dzeNyu dzinosvika zasi sei kwatiri. Ndiri kufunga zvino, humwe husiku, nemumwe wangu mudiki iyeye, oo, achirwara kwazvo, uye Imi mukauya pachitiko. Kupisa kwemuviri wake kwakatanga kudzikira panguva iyoyo, uye kwapera zvachose zvino. NdinoKutendai. Uye...ndinongonamata kuti Muve nemumwe nemumwe akumbira chikumbiro manheru ano. Uye hapana kana zvatinoziva, kusvikira zvasvika mumba medu chaimo, zvazvinoreva, munamato mudiki. O Mwari, chii...Munova mazvirokwazvo kwazvo—kwazvo. Panguva iyoyo apo chiremba

anofamba achienda, uye oti, “Handizive, handina kumbobvira ndakaona chero chinhu chinoita sekudaro,” uye ipapo Ishe Jesu vobva vapinda panzvimbo.

³⁵⁸ O Mwari, Muri wamazvirokwazvo zvakanyanya kwatiri, uye tinofara kwazvo nokuda kwazvo. Tinonamata kuti Mutikanganwire panzira dzedu dzose dzousimbe, nenzira dzedu dzoupenzi. Uye, oo, ingotirangariraiwo, Ishe, kuti tiri vanhu venyama munyika ine rima, nyika yerima nechivi nenyonganyonga. Uye takatarisa kupfuura nemuchidzitiro, tingati, pamusoro pechiso chedu, uye tinoona chete nekuziva sezvatinoyita vanhu pano. Asi rimwe zuva kana chidzitiro ichocho chasimudzwa, tichaKuonai chiso nechiso uye toziva sezvatinozivikanwa. Ndiro zuva ratinoshuvira.

³⁵⁹ Tinonamata Baba, zvino, kuti Muchatibatsira patiri kuedza kupa kuvanhu Shoko raMwari, maererano nezvikumbiro zvavo. Bvisai zvirwere zvose kwatiri. TinoKudai, Ishe. Uye tinonamata kuti Muchazviita. Tsitsi dzeNyu ngadzipiwe kwatiri, nekuti tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

³⁶⁰ Zvino, mukupindura mibvunzo, ini handisi nyanzvi munyika, munoziva. Asi ndichangopindura nekuziva kwangu kwandinogonesesa.

³⁶¹ Heunoi uya wandakatanga nawo humwe husiku, uye ndakatozomira:

60. “NeMweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa mumutumbi waKristu.” (Imi mose munorangarira kuti ndiwo waive mubvunzo wandaive ndiri pauri. Zvino zvinowanikwa, ndizvo, muna VaKorinde Vekutanga 12)... **Panguva yatiri...kugamuchira kuzvarwa patsva, izvi zvinoitika. Ndizvo izvi...Urwu ndirwo rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene here, kana kuti pane rubhabhatidzo rwuri kumberi, kana kuti kuzadzwa here?**

³⁶² Zvino, hoyo mubvunzo chaiwo, uye tinogona kupedza nguva yedu yese pane iwoyo, uye manheru ano nemangwana manheru nemamwe akadaro. Waizobata...waizo—waizatora nekusunganidza Bhaibheri rose pamwe chete. Rugwaro rwose rwunofanira kunyatsobatana nerimwe rose Gwaro riri muBhaibheri.

³⁶³ Asi ndiri kungoedza kuzviita zvakapfupika, zvakajeka sekuziva kwandinoziva kuzviita, kwete; kana watenda muna Ishe Jesu Kristu, unobva wava nekuzvarwa patsva. Kana watenda munaShe, unogamuchira pfungwa itsva, hupenyu hutsva, asi harwusi Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Maona? Unova nekuzvarwa patsva paunotenda, une Hupenyu Husingaperi. Chipa chaMwari chinopihwa kwauri kubudikidza nenyasha dzinozvitongera kubudikidza nekugamuchira chipa chauri kupihwa naMwari. “Uyo—uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kuna iYe wakaNdituma, ane Hupenyu

Husingaperi.” Ane Hupenyu husingaperi; ndiko kuzvarwa patsva, watendeuka, zvinoreva kuti “washandurwa.”

³⁶⁴ Asi Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwunokuisa mumutumbi waKristu, pasi pezvipo kuti ushumire. Hazvikuite kuti uve Mukristu akawedzera, zvinongokuisa mumutumbi wezvipo. Maona? “Zvino, neMweya mumwe chete” (VaKorinte Vokutanga 12) “tose takabhabhatidzwa mumutumbi mumwe chete. Zvino,” anodaro Pauro, “pane zvipo zvakasiyana, uye mumutumbi uyu mune zvipo zvipfumbamwe zvemweya.” Uye mumutumbi uyu... Unofanira kubhabhatidzwa mumutumbi wacho kuti uve nechimwe chezvipo izvi. Zvinouya nemutumbi.

³⁶⁵ Asi, zvino, panyaya yekuva neHupenyu Husingaperi uye nekuva Mukristu, uri Mukristu nguva yaunotenda. Zvino, hakusi kutenda kwekabanga, kutenda zvamazvirokwazvo muna Ishe Jesu nekuMugamuchira seMuponesi wako pachako; watozvarwa patsva ipapo chaipo, uye wava neHupenyu Husingaperi. Mwari vanopinda mauri.

³⁶⁶ Zvino tarisai, Hupenyu Husingaperi; Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda muna iYe akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi, uye haazouyi mukutongwa asi abva murufu achienda kuHupenyu.” Wave chisikwa chitsva ipapo chaipo. Zvino Pauro akanga asangana nevamwe vevanhu ivavo, muna Mabasa 19. Vaiva nemuparidzi kumusoro ikoko aive gweta rakatendeuka rainzi Aporo. Uye Aporo akanga ari murume mhare muMagwaro, uye akanga achiratidza neMagwaro kuti Jesu akanga ari Kristu. Maona?

³⁶⁷ Zvino tarisai. Aporo, kubudikidza neShoko, airatidza neShoko. “Kutenda kunouya nokunzwa, kunzwa Shoko. Uyo anonzwa Shoko raNgu, uye achitenda muna iYe akaNdituma, ane upenyu husingaperi.” Mazvibata here? Aporo, neShoko, akanga achiratidza. Uye ava vaive Makristu, vaive vateveri, vadzidzi. Zvino Aporo airatidza neShoko, kuti Jesu aive Kristu. Uye vakava nemufaro mukuru uye vakagamuchira Shoko, asi vachiziva rubhabhatidzo rwaJohane chete.

³⁶⁸ Zvino Pauro paakapfuura nemhenderekedzo dzekumusoro kweEfeso, ndokuwana vadzidzi ava zvino ndokuti, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here *kubva* pamakatenda?” Maona?

³⁶⁹ Zvino, paunotenda, Jesu akati, “Une Hupenyu Husingaperi.” Ndiko kuzvarwa patsva. Ndiko kutendeuka kwako, kushanduka. Asi Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene isimba raMwari raunobhabhatidzirwa mariri uye uri pasi pezvipo izvi zvipfumbamwe zvemweya kuti zvishande kubudikidza newe; zvakaite, sekuparidza, vavhangeri, vaapostori, vafudzi, vaporofita,...nezvipo zvose zvemutumbi zvinouya mune izvi, paunobhabhatidzwa mumutumbi uyu. Uye ndizvo... hazvikuite Mukristu akawedzera, zvinongokugadza panzvimbo

munzvimbo yekuva mweya unoshumira muChechi yaMwari vapenyu. Zvino mazvibata here? Maona?

370 Zvino mubvunzo hewo...Ngatiupindurei mumwe nemumwe, pane mibvunzo mitatu.

“NeMweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa mumutumbi waKristu.”

Ndizvozvo, Vakorinde Vekutanga 12 ichapa mhinduro kune izvozvo. Zvakanaka.

Panguva iyoyo yatinogamuchira kuberekwa patsva, izvi zvinitora nzvimbo here? Ndiyo nguva yacho?

371 Ndizvo zvavanoda kuziva, hongu...“NeMweya mumwe chete...” Kwete. Kwete. “NeMweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa mumutumbi mumwe chete.” Munooona, handipo panotangira kuzvarwa patsva, kuzvarwa patsva kunotangira *paunotenda* muna Ishe Jesu.

372 Zvino munooona, hapana...hapana chinhu chimwe... Zvino teererei. Chii chaungaita kunze kwokutenda? Chii chimwezve chaungaita? Chii chaungaita pamusoro pazvo kunze kwekungozvitenda? Ndiudze chinhu chimwe chete chaungaita. Hapana chinhu chimwe chete chaunogona kuita kunze kwekuZvitenda. Zvino, kana chimwe chinhu chikauya chiri kunze kwekutenda kwako, hakusi kuita kwako, kuita kwaMwari. Nokudaro...

373 Zvino kana tikataura kuti kana iwe...Nguva zhinji ndakaona, nguva zhinji, vanhu vachigamuchira “humbowo hwekutanga hwekutaura nendimi” seMweya Mutsvene. Uye dzimwe nguva vanozunza vanhu, kana kuvarova nokuvabhabhadzira, vachiti, “Zvitaure. Zvitaure. Zvitaure. Zvitaure.” Munoziva, kudzokorora shoko kakawanda, “Zvitaure. Zvitaure. Zvitaure.” Munooona, ndechimwe chinhu chauri kuita iwe pachako. Uye—uye—uye hazvi... hazvi...izvo—izvozvo hapana zvazviri. Unogona kuwana kuvhiringidzika kwendimi. Unogona kuwana zvinhu zva—zvakanaka, nekutekenyedzwa. Asi kana chimwe chinhu chikauya chiri kunze kwekutenda kwako pachako, chinofanira kuva chipo Chitsvene chaMwari chakapihwa kwauri. Maona?

374 “Uye neMweya mumwe chete tose takabhabhatidzwa mumutumbi mumwe.” Ndizvozvo, munooona. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene chiitiko chakasiyana nekuzvarwa patsva. Kumwe kuzvarwa, kumwe kubhabhatidzwa. Kumwe kunokuunzira Hupenyu Husingaperi, kumwe kunokupa simba. Kunopa simba muHupenyu Husingaperi, munooona, kushanda. Zvino mazvibata here? Zvakanaka. Zvakanaka.

375 Zvino heuno mumwe, wauya pechipiri, wakanakisa wandakave nawo manheru aya:

61. Mweya waJesu waivepi mazuva matatu mutumbi waKe pawaive muguva? Mweya waKe waivepi?

³⁷⁶ Zvino, mweya waKe, kana mukatevera Magwaro, . . . zvakanaka, tinogona kungounza nzvimbo dzakawanda. Asi, handizivi, pane ane Bhaibheri here? Hama Stricker, mune Bhaibheri here? Zvakanaka. Hama Neville, mune rimwe here? Ndiwanirei Mapisarema 16:10. Uye ndiani mumwe? Hanzvadzi Wood, mune Bhaibheri here ipapo? Zvakanaka, Hama Stricker, (zvakanaka, chero mumwe), ndiwanirei Mabasa 2:27, Mabasa 2:27.

³⁷⁷ Uye zvino, chekutanga, pakafa Jesu. . . Paunofa, mutumbi wako unofa. Izwi rokuti *rufu* rinoreva “kuparadzana,” kungoparadzaniiswa nevadikani vako. Asi pano Akataura izvi, muna Mutsvene Johane, chitsauko 11, “Uyo anonzwa. . .” Kwete. . . Ruregerero; zviri muna Johane 5:24, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu ane Hupenyu Husingaperi.”

³⁷⁸ Jesu akati kuna Marita, akanga auya kuzosangana naYe, . . . Akati, “Dai Mainge muri pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa. Asi kunyangwe nazvino, chero chipi chaMunokumbira kuna Mwari, Mwari vachaKupai.”

³⁷⁹ Akati, “Ndini Rumuko neHupenyu.” Maona? “Uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi achararama; uye ani naani anorarama uye achitenda maNdiri, haazombofe.”

³⁸⁰ Zvino—zvino, pane chikamu chedu chisingafi. Uye sekungopfuura kwandaita nemumutsara weMagwaro, chinhu chose chine mavambo chine magumo. Ndeizvo zvinhu zvisina mavambo, zvisina magumo. Naizvozvo kana tagamuchira Kristu, Mwari, tinova vanakomana nevanasikana vaMwari, uye Hupenyu hwedu hauna magumo sezvakangoita Hupenyu hwaMwari husingagumi; tine Husingaperi.

³⁸¹ Zvino, izwi rekuti *narinhi*, takapfuura nemariri. Izwi rokuti *narinhi* “chikamu chenguva,” *narinhi na* (chibatandizo) rinhi. Uye takaona pano kuti ane—ane magumo, zvakangofanana nekutambudzika kwese, uye hurwere hwose, nekusuwa kwose, nokurangwa kwose, negehena pacharo rine magumo.

³⁸² Asi Hupenyu Husingaperi hauna magumo, nokuti Hwakanga husina mavambo. HaUmbogoni kufa nokuti haUna kumbozvarwa. Hwakanga husina mavambo emazuva, haUna magumo enguva. Zvino, nzira chete yatinogona kurarama Nokusingaperi, kuburikidza nokugamuchira chimwe chinhu chinogara neKusingaperi. Uye Mwari vakanga vaivepo; pasati pave nechimwe chinhu, vaive Mwari. Mwari havana kumbobvira vava nemavambo kana magumo.

³⁸³ Zvino Mwari vakanga vari Mweya mukuru uyu. TakaVafananidzira ne—nemavara manomwe emuraraungu unofukidza. . . Muraraungu chaizvoizvo waizofukidza nyika dai usina kurova nyika. Ingori mvura iri mudenderedzwa

rekukombama kwenyika, inougadzira. Asi, zvino, saMwari vari Wokusingaperi, uye Vaiva Vakakwana: rudo rwakakwana, rugare rwakakwana, mufaro wakakwana, kugutsikana kwakakwana. Mweya minomwe yose iyoyo (tichipinda muna Zvakazarurwa), inobuda; yakaumba Mwari, kwaive kukwaniswa. Chimwe chinhu chese chiri kunze kweizvozvo chaive chinwe chinhu chakatsveyamiswa kubva paAri.

³⁸⁴ Zvino nzira yoga yatinogona kudzoka nayo pakukwaniswa, ndeyokudzoka naiKo (kukwaniswa, kunova Mwari). Tinobva tasvika pakukwaniswa, tobva tava neHupenyu Husingaperi; husina magumo, kana kuti husina—husina chero chinhu, zvinongori nekusingaperi Hupenyu Husingaperi.

³⁸⁵ Zvino ari kutaura nezvemunhu wemukati. . . mweya. Nokuti tinotakura mitumbi yedu pamusoro peguva remutsvene-tsvene wedu, nekuda kwemutumbi uno. Uye mutumbi. . . Pakutanga, apo Mwari, Rogosi yakabuda kubva muna Mwari. . .

³⁸⁶ Kana, sezvandapfuura nemazviri, maKatorike anoIdaidza kuti, “humwanakomana Husingaperi hwaMwari.” Izvo, sezvandarabotaura kumashure, izwi racho harina kana musoro. Munoono, hapangavi nemwanakomana woKusingaperi, nokuti mwanakomana aifanira kuva nemavambo. Uye saka Jesu aive nemavambo, Mwari vakange vasina mavambo. Maona? Asi Mwanakomana aive. . .kwete humwanakomana Husingaperi, asi Mwanakomana aive naBaba pakutanga aive Rogosi yakabuda kubva muna Mwari.

³⁸⁷ Uye yaiva tiyofani yaMwari yakabuda. Chimiro chemunhu chaive chisina maziso sezvaunoono; ziso riri nani. Yakanga isina nzeve sekunzwa kwaunoita, asi kunzwa kuri nani chaizvo. Munoono, Yaiva tiyofani, kuti, muraraungu wose uyu wakadzika kuva ti—tiyofani. Mosesi akaIona paYakapfuura nepadombo saizvozvo. Akaona chikamu chekumusana, akati, “Yaitaridzika semunhu.”

³⁸⁸ Abrahamu akaMuona paAkapinda munyama yemunhu ndokudya mhuru, akanwa mukaka, akadya bhata. Abrahamu akaMuona paAkangopinda, uye ndokubva anyangarika ipapo chaipo kubva pauri. Takaona kuti mitumbi yedu yakagadzirwa nezvinhu gumi nezvitanhatu zvepanyika, zvakangouya pamwe chete. Zvino Mwari vakazvibanidza pamwe chete, ndokuisa Ngirozi mbiri mumitumbi iyi; Ngirozi dzakamira uye dzichitaura. Uye Ngirozi dzaive vanhu pane imwe. . . uye panguva iyoyo.

³⁸⁹ Zvino cherechedzai, tinoona kuti, ndiyani Aiva ari Merkizedheki kunze kwaMwari pachaVo! Haaigona kuve mumwewo munhu, nokuti Aiva Mambo weSaremi inova Jerusarema. Akanga asina baba kana amai; haaigona kuva Jesu, nokuti Aive nababa namai. Akanga asina mavambo emazuva, kana kuguma kwehupenyu; pane Mumwe chete anazvo

izvozvo, ndiMwari. Aive Mwari aigara muno mutiyofani. Maona? Cherechedzai, Mambo weSaremi.

³⁹⁰ Zvino, Mwari vakararama nemuzera, kubudikidza nemuvanhu vaVo. Vakanga vari Mwari vakanga vari muna Dhavhidhi, vakamuita kuti agare pagomo, uye samambo akarambwa, ndokuchema. Mweya mumwe chete iwoyo wakaratiidzwa muna Jesu Mwanakomana waDhavhidhi, Uyo akarambwa muJerusarema akachema.

³⁹¹ Josefa, akatengeswa nemasirivheri makumi matatu, akavengwa nemukoma wake, achidiwa nababa vake, akange akagara kuruoko rworudyi rwaFarao, uye hapana munhu aikwanisa kuuya kunze kwokunge mune . . . auya nekuna Josefa, zvino hwamanda yakarira uye ibvi rose rakapfugamira kuna Josefa: mufananidzo wakakwana waKristu. Ndiwo waive Mweya waKristu wairarama kubudikidza nemuvarume ava. Maona?

³⁹² Zvino, zvino pano Jesu paakafa, vaive Mwari vachiratidzwa munyama. Mwari vakava munhu. Mumirairo yerudzikinuro, nzira chete iyo munhu aigona kudzikinura hupfumi hwakarasika hweIsraeri, aifanira kuve ari hama. Aifanira kunge ari hama yepedyo. Bhuku raRute rinozvitsanangura zvakaisvonaka; uye aifanira kuva hama. Saka Mwari vakatofanira kuva hama kumunhu, kuitira kuti munhu agove hama kuna Mwari. Maona?

³⁹³ Ane mweya maari, munhu anawo kana azvarwa, nekuti mweya wemasikirwe. Mweya wenyika, mweya wamwa—mwari wenyika ino. Anongori zvake mwana waAdhama.

³⁹⁴ Muti unozvibereka. Zvirimwa zvinozvibereka. Mhuka dzinozvibereka. Vanhu vanoqvibereka. Ndivo vakagadzirwa kubva pane zvakasikwa pamavambo. Mazvibata?

³⁹⁵ Zvino, zvino kana munhu aberekwa, anoberekwa aine mweya maari wenyika ino. Ndicho chikonzero achifanira kuzvarwa patsva. Nokuti mweya uyu wakabva pakuberekwa kubudikidza nababa namai, kwaive kuri kubatwa kwepamuviri nekusangana pabonde, uye zvirokwazvo waisagona kurarama nokusingaperi. Saka anofanira kuzvarwa patsva. Uye asati aita izvozvo, Mwari vakatozodzika pasi kuti vamugadzirire nzira yokuti azvarwe patsva; nokuti akanga asina nzira yekuzvidzikinura pachake, akanga asina tariro. Aive asina . . . asina tariro, asina Mwari, asina Kristu, munyika, akarasika akaparara. Iye—iye. . . hapana chaaigona kuita kuti azviponese. Iye . . . zvese . . . Zvisinei nekuti aive muprista mukuru, kana aive bhishopi, kana anga ari papa, chero zvaiva, anongove mhosva sezvakaite mumwewo munhu.

³⁹⁶ Saka, zvaifanira kutora Mumwe akanga asina mhosva, kuti azviite. Uye Mumwe woga akanga asina mhosva aiva Mwari pachaVo. Zvino Mwari ndokuzouya pasi uye vakava

munhu (zvino Vakauya vari muchimiro chaKristu) kuti vanyudze rumborera rwerufu, kuti vadzipure rumborera rwerufu, kuti vatidzikinure, kuti isu . . . kwete nemabasa edu kana nekunaka kwedu (hatina), asi nenyasha dzaVo, kuti tiponeswe. Zvino tinogamuchira Hupenyu hwaVo mumutumbi uno unofa, uye zvino tave vanakomana nevanasikana vaMwari, uye tine Hupenyu Husingaperi matiri. Tiri vanakomana nevanasikana vaMwari. Naizvozvo, Jesu, ari mupenyu . . .

³⁹⁷ Uye hapana munhu, zvisinei kuti akaipa sei kana kuti akanaka sei, paanofanira kuti . . . paanobva panyika ino, haana kufa. Ari kune imwewo nzvimbo. Asi ane hupenyu huchaparara, mushure mekunge arangwa mugehena nekuda kwemabasa ake, iye . . . asi zvakadaro hupenyu ihwohwo hunofanira kuguma. Kune mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi.

³⁹⁸ Zvino, takapfuura nemazviri. Kana munhu achigona kuva mutadzi uye agorangwa nokusingaperi . . . Haakwanisi kurangwa nokusingaperi kunze kwekunge aine Hupenyu Husingaperi. Kana aine Hupenyu Husingaperi, akaponeswa. Maona? Saka kunongova nemhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, uye ndiyo Zoe, “Hupenyu hwaMwari.” Zvino haakwanisi kuparara.

³⁹⁹ Asi vakaipa vari munzvimbo ye—yekumirira (mukutambudzwa) kuitira kutonga kwavo (kuti vatongwe maererano nemabasa akaitwa mumutumbi) nezuva rekupedzisira. Zvino, asi isu . . . Zvivi zvevamwe vanhu zvinoenda mberi kwavo, zvevamwe zvinovatevera.

⁴⁰⁰ Zvino kana tikareurura zvivi zvedu, Vakarurama kutiregerera, naizvozvo hatizombofaniri kumira pakutonga kwaMwari. Mazvibata here? Tarirai, VaRoma 8:1, “Naizvozvo zvino hakuna kupiwa mhosva kune avo vari muna Kristu Jesu.” Vari MUNA Kristu. Vakabva murufu vachienda kuHupenyu; munoona, hatina kupiwa mhosva uye takanga tiri muna Kristu Jesu. “Vasingafambi munyama, asi muMweya.” Maona? “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, achitenda muna iYe akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi.”

⁴⁰¹ Uye kana ndakagamuchirwa muna Kristu, uye Kristu akatora kutongwa kwangu, uye ndakagamuchira kureverera kwaKe nokuda kwezvivi zvangu, ko Mwari vanganditonga sei? Vakatonditonga, paVakatonga Kristu. Zvadaro ndasununguka kubva pakutongwa. “Zvino kana ndaona Ropa, Ndichakupfura.” Maona?

⁴⁰² Asi, zvino, wakaipa haana kudaro. Anopinda munzvimbo yekutambudzwa. Uye tinoziva kuti ichocho ichokwadi. Wakaipa mupenyu. Ari munzvimbo yekutambudzwa. Ari munzvimbo yaasingazivi . . . Ndiwo madaniri anoita vauki nen’anga mweya iyi yevanhu vakafa, imwe mhando yemafariro nemajee ane

tsvina nezvinhu zvavanotaura, kana wakamboona chero chimwe chaizvozvo. Zvakana. Sei? Hava . . .

⁴⁰³ Tarisai kuna Muzvare Piper uyu, chinyorwa changu chisati chaenda che*Chishamiso chaDonny Morton*. Vangani vakaverenga chinyorwa ichocho? Hongu, vazhinji venyu makadaro, chokwadi. Uye chiri mu*Reader's Digest*. Makacherechedza here? Izvi zvisati zvaitika, kwakaenda Muzvare Piper, muuki mukurusa ati ambozivikanwa nenyika. Mapeji gumi nemaviri akapihwa kune nyaya yake. Uye kwemakore makumi mashanu . . . Vakave naye pasi rose, uye nehumbowo hwesainzi nezvese, kuti “anonyatsotaura nevakafa, uye vanhu vanotouyapo.” Chii? Zita raMwari harina kumbotaurwa pane nguva ipi zvayo, hapana kutendeuka, hapana kupodza kwaMwari, hapana nezvaZvo, munoono.

⁴⁰⁴ Chinhu chega chazvaive, vaive vanhu ivavo vakataurwa, “John, haundizivi here? Ndini George aive pane *imwe nzvimbo*, uye ndakaita *zvakati nezvakati* uye *zvakati nezvakati*. Unorangarira nzvimbo iya yatakaenda uye tikaita izvi?” Munoono, ndizvo zvoga zvavanzvira. Vakaparara. Vakapfuura vachibva . . . Pavari—pavari hapana zvasara kunze kwekutongwa.

⁴⁰⁵ Kwakarerekerera muti, ndiko kwaunowira. Uye chinhanho chaunofa uri . . . Ndicho chikonzero ndichipesana nekunamatira vakafa, munoono, kureverera kweminamoto kana—kana kuwadzana kwevatsvene nezvimwe zvakadaro. Hazvigoni kudaro, maererano neShoko raMwari. Hazvina zvazvinobatsira kunamatira chero munhu mushure mekunge aenda. Vatoparara. Vari . . . vane . . . Vakapfuura mutsara uri pakati petsitsi nekutongwa. Vanenge vakaenda kutsitsi, kana kuti vakaenda vachibva patsitsi. Jesu akataura kudaro, muchsitsauro 16 chaMutsvene Mateo, Iye—Iye—Iye akazvidzidzisa; Chitsauro 16 chaMarko, ndinotenda kuti ndicho. Murume mupfumi naRazaro; hapana munhu anogona kuyambuka mukaha uyu, uye haazomboyambuki! Hezvoka izvo. Maona? Saka zvinobva zvatopera zvakadaro.

⁴⁰⁶ Zvino, asi Kristu paakafa, zvinhu zvose zvaifanira kupupura kuti Akanga ari Kristu. Zvino ngatiendei kumubvunzo wako. Chekutanga, nyeredzi dzakaramba kupenya, zuva rakanyura, mwedzi hauna kupa chiedza chawo, nyika yakarutsa matombo ayo, pakufa kwaKe. Uye Akaenda akanoparidzira kumweya yakanga iri mutorongu, isina kutendeuka pamwoyo murefu wemazuva aNoa. Iye, vaifanira kucherechedza. Tarirai izvozvo! Zvino kana pakava nemutadzi pano manheru ano, zvifungei kwechinguvana. Rimwe zuva Vhangeri iri rauri kunzwa richiparidzwa izvozvi, uchazofanira kupupura naRo. Pane imwe nzvimbo uchapfugama neibvi rako, zvisinei nokuti ndiwe ani. Zvinogona kuva zviuru gumi zvevakore kubva nhasi, zvinogona kusava kusvikira . . . pamangwanani. Chero

pazvingava, uchakotama pane imwe nzvimbo, uye uchanzwa Vhangeri rimwe chete rino richiparidzwa richidzoka kwauri.

407 Nokuti mushure mokunge mweya iya yave mutirongo, isina kutendeuka apo Enoki uye apo vose vakaparidza, naNoa . . . uye nemoyo murefu waMwari, sezvazviri zvino, vachimirira nguva iyoyo kuti iuye. Zvino Noa naEnoki nevamwe vose vakaparidza, uye vanhu ivavo vakaseka nokuita dambe navo. Zvino vakanga vari mutirongo, zvino Jesu akaenda akanoparidzira mweya yakanga iri mutirongo. Akapupura! Denga rakapupura kuti Akanga ari, nyika yakapupura kuti Akanga ari, gehena rakapupura kuti Akanga ari!

408 Bhaibheri rakataura kuti izvo . . . Dhavhidhi, makore mazhinji akapfuura, muMapisarema . . . Zvakana, Hama, verengai Mapisarema, kana mungadaro ipapo. Mapisarema 16:10. [Hama Neville vanoverenga Gwaro racho—Mupepeti]

[*Nekuti hamungasiyi mweya wangu mugehena; kana kutendera Mutsvene weNyu kuti aone kuora.*]

409 Verengai zvimwe chete, hama, umo paya Petro akaparidza, pana Mabasa, chitsauko 2, ndima 27. [Hama Stricker vanoverenga Gwaro racho—Mupepeti]

[*Nekuti hamungasiyi mweya wangu mugehena, kana kutendera Mutsvene weNyu kuti aone kuora.*]

410 Verengai ndima mbiri pamusoro payo, hama, kuti muwane nyaya yacho.

[*Nekuti Dhavhidhi wakataura pamusoro paKe, ndakafanoona Ishe pamberi pechiso changu nguva dzose, nokuti vari kuruoko rwangu rworudyi, kuti ndirege kuzungunutswa.*]

[*Naizvozvo moyo wangu wakapembera, nerurimi rwangu rwakafara; uyewozve nyama yangu ichazorora mutariro.*]

[*Nekuti hamungasiyi mweya wangu mugehena, kana kurega Mutsvene weNyu kuti aone kuora.*]

411 Verengai ndima inotevera zvino.

[*Makandizivisa nzira dzeupenyu; muchandizadza nemufaro nechiso chenyu.*]

412 Hongu, cherechedzai. Zvino, shamwari yangu muJehovah Witness, ndinoda kukubvunza pamusoro paizvozvo. Maona? Kana gehena iri nzvimbo, Hadhesi, Shiori, chero zvaunoda kuitumidza, kana zvichigumira paguva, saka sei Akati, “Handizosiyi mweya waNgu mugehena, kana kutendera Mutsvene weNyu kuti aone kuora”? Zvakadini izvozvo? Maona?

413 Heuno mutumbi waKe pawave, muguva; uye mweya waKe wakanga uri mugehena, achiparidza, ari mupenyu! Ko izvoka izvo? Akanga ari mutiyofani yaKe zvakare. Mweya wake waive

zasi uko nevanhu vaive mutiyofani zvakare. Uye aivapupurira, kuti ivo “havana kutendeuka mukutsungirira.”

414 Iye. . . Nemamwe mashoko, Akanga agogodza pamusuwo. Zvino musuwo pawakazaruka, uye mweya yose yakatendeuka, Akati, “Ndini Mbeu yemudzimai. Ndini Uyo Enoki pano. . .” Umo muParadhisu, imwe nzvimbo. Usamborasikirwa nadzo nzvimbo nhatu, zvino: nzvimbo yevakaipa, nzvimbo yevakarurama, negehena pacharo. Maona?

415 Zvakangofanana nehutatu hweDenga, sekuti: Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene. Sohutatu hwechikara: muporofita wenhema, chikara, uye ne—uye nemunembo wechikara. Uye zvose izvozvo, rangarirai, zvose zviru muhutatu. Hutatu hunoita mumwe, akwaniswe. Mumwe anokwaniswa. Wakakwaniswa, mumwe muhutatu: munhu wemukati, mutumbi, uye nemweya; mvura, ropa, uye tsinga dzemanzwi. Munooni, chero zvawaive, unofanira kutora zvitatu kuti uite mumwe akakwana. Tora chimedu chegirazi chine makona matatu woisa zuva pachiri, une muraraungu wakakwana. Munooni, zvinhu zvese, unofanira kuva nezvitatu kuti uite chimwe chakakwana.

416 Uye zvino, rangarirai kuti, paAkafa, Akaenda kutanga uye akanoparidzira kumweya yakanga isiri mutirongo. . . yakanga iri mutirongo, uye akapupura kuti Akanga ari “Mbeu yemudzimai.” Akanga ari “Uyo Enoki akaona achiuya nezviuru gumi zvevatsvene vaKe.” Aifanira kupupurira Magwaro akanga aparidzwa naNoa, uye naEnoki, uye nevakarurama, kuti “Aiva iye Wacho.” Zvinhu zvole zvaifanira kuZvicherechedza!

417 Zvino Akakwira kugehena, ndokugamuchira makiyi erufu negehena kubva kuna dhiyabhore.

418 Akadzoka kumusoro muParadhisu; uye ndokuuya naAbrahama, Isaka, naJakobho, nevakarurama; uye akamuka (Mateo 27), zvino vakabuda muguva ndokupinda muguta, uye vakaonekwa nevanhu mumugwagwa. Hareruya! Hezvoka izvo!

419 Zvino, asi mutumbi waKe. . . Apo mweya waKe wakanga ari neche kuno uchipupura kune vakarasika, zasi kuno achitora makiyi kubva kuna dhiyabhore, uye achidzoka achiunza Abrahama naIsaka; Mweya wake wakanga wakarara mu. . . Mweya wake wakanga uri zasi ikoko uchizviita, uye mutumbi waKe wakanga wakarara muguva. Ndicho chikonzero Jesu akati. . . Vanhu vanoti, “Saka, sei Jesu achiti, ‘Mazuva matatu, Ndichaumutsa. Mazuva matatu Ndichamutsa.’? Iye—Iye akafa neChishanu masikati, akamuka neSvondo mangwanani.”

420 Asi tarisai, maiva “*mukati* memazuva matatu,” kana ukawana duramazwi. Nokuti Aiziva kuti Dhavhidhi, pasi pechizoro (pechizoro cheMweya Mutsvene), akati, “Handizoregi Mutsvene waNgu kuti aone kuora.” Aiziva kuti izvi zvairevera Iye. Aiziva kuti zvaireva Iye. Aiva ari Iye Mutsvene waMwari,

uye Aiziva kuti kuora kunopinda mumaawa makumi manomwe nemaviri. Pane imwe nguva mukati memazuva matatu, Akanga achizobudamo zvakare, nokuti Magwaro haakwanisi kutyorwa.

⁴²¹ Uye vimbiso yese iri Imomo ine chekuita neni uye ine chekuita newe, ndeyedu!

⁴²² Akati, “Paradzai mutumbi uyu, uye Ndichaumutsa mumazuva matatu.” Nokuti Akati, “Handizosiya mweya waNgu mugehena, kana kutendera Mutsvene Wangu kuti aone kuora.”

⁴²³ Aiziva, mumazuva matatu mutumbi iwoyo wakanga uchizobuda imomo. HaAna kugara mazuva matatu akazara. Kwete, changamire, haAna zvirokwasvo. Akagara bedzi kubva Chishanu masikati kusvika Svondo mangwanani, hapana kana chizenga chimwe chete chemutumbi iwoyo chaigona kuodzwa.

⁴²⁴ Zvino Akanga afa, uye akaiswa mushonga, zvino akanga arere...kana kuti kuputirwa mumucheka, zvino ndokuradzikwa muguva. Munyika iyoyo inopisa, ine hunyoro, zvinongotora maawa mashoma obva Atanga kuora. Unotanga kuo-...kuora, munoziva, mutumbi wake, mhino yake ichidonhera mukati nezvinhu, kuora kunopinda; nyika iyoyo inopisa, ine hunyoro. Uye waizosvika pakuora, nekuti waive mutumbi. Asi Aiziva, chizenga ichocho chisati chaora, kuti Mwari vakati kubudikidza nemuporofita Dhavhidhi, “Handizoregi Mutsvene waNgu kuti aone kuora.”

⁴²⁵ Zvokuti Akatora Shoko raMwari ndokurarama naRo! Zvino, vimbiso dzose idzodo dziri imomo dzaiwa nechekuita naYe, Mwari vakazadzisa imwe neimwe yadzo. Uye vimbiso yese ine chekuita nemutendi, Mwari vachazadzisa vimbiso yese yaZvo. Amen. Ingova nechokwadi chokuti Ichokwadi. Amen. Saka, mweya waKe...

**Munofunga kuti ndizvo here...Kwete, ndine urombo.
Mweya waJesu waivepi mumazuva matatu mutumbi waKe
pawaive muguva?**

⁴²⁶ Mweya waKe wakanga uri mugehena, zasi munzvimbo dzakaderera; zvino Akamuka. Uye ndinogona kuwedzera chitaurwa chidiki—chidiki pano chinogona kukubatsirai zvakanyanya. PaAkamuka, waKe...PaAkamuka kubva kuvakafa, Akanga asati chaizvoizvo apedza nebasa rokudzikinura nazvino. Ndizvozvo. Aifanira kuchenesa chinhu chacho chose. Mubhadharo wakanga wabhadharwa, asi kutyisa kuya kwegehena, kutyisa kuya kweguva... Uye pano, paA—paAkafa, Akaenderera mberi. HaAna kumbomira kushanda paAkafa, Akaramba achiparidza!...?... Regereraiwo kusazvibata kwangu, ndinofungidzira, asi haAna kumbomira!

⁴²⁷ Hauzombofi wakafa! Mutumbi wako unogona kuzorora kwechinguva, asi Mwari vachaumutsa, Vakavimbisa kuti Vachazozviita. Asi iwe hauchakwanisi kuparara saMwari

vasingagone kuparara. Ndizvozvo. Tarirai, Vake...mushure mokunge Afa, kune...afa kuvadzidzi. Akange akarara, zvaAiva. VakaMurarisa; sezvaAkataura pamusoro paRazaro, “Ndichaenda kunomumutsa.” Mwari vakatozoMumutsa.

⁴²⁸ Tarisai, Akaenda zasi chaiko, Akaramba achiparidza. Uye Akaparidzira kumweya pano iri mutirongo. Akaenda zasi chaiko mugehena, akatora makiyi kubva kuna dhiyahore. Akadzoka kumusoro ndokuparidza zvakare muParadhiso, ndokumuka zvakare nezuva rechitatu. Akashanyira vaapostori vaKe kwemazuva makumi mana, uye pakupera kwezuya rechimakumi mana, Akaenda kumusoro chaiko; nokuti, mweye zviri pamusoro pedu, zvekungotenda mune zvemweya-mweya nezvimwe zvose...Akagura zvese zvekungotenda mumashura, kupokana kwese, ndokugadzira mutsara wekunamatira kubva panyika uchienda muKubwinya mukukwira kwaKe kudenga. Akakwira kumusoro akanogara kuruoko rworudyi rwaMambo Mukuru. Mukundi! Mukundi Mukuru, zvamazvirokwazvo. Rufu haruna kugona kuMubata! Gehena harina kugona kuMubata! Nyika haina kugona kuMubata!

⁴²⁹ PaAkanga ari pano panyika, Akapihwa...Akaenda kuguta rakaderereso nokune vanhu vepasi-pasi, uye akapiwa zita rakaderereso. Ndizvo zvakanga zvaitwa nevanhu kwaAri. Akaenda kuJeriko, guta rakaderereso. Murume mudukusa akatozokwira mumuti kuti atarise zasi kwaAri. Ndipo paAkaiswa nemunhu. Aiva mugezi wetsoka, basa rakashatisisa raigona kupihwa. Akava wepasi-pasi. Uye akatumidzwa zita repasi-pasi raikwanisa kupihwa, *Bherizebhabhu*, “muchinda wemadhimoni.” Munhu akamupa zita rakaderereso, nzvimbo yakaderereso, uye akaMutumira kunzvimbo dzakaderereso dzegehena repasi-pasi.

⁴³⁰ Mwari vakaMumutsa uye vakaMutumira kuMatenga eKumusoro-soro, uye neZita riri pamusoro perimwe zita rose. Hareruya! Handiti, Anotongofanira kutarisa nepamusoro kuti aone Denga. Chigaro cheNyu chakasimudzirwa pamusoro pematenga eDenga. Uye Zita gurusu rakambodanwa Kudenga nenyika rinofanira kuva...rakasungirirwa paAri. Ndizvo zvakaitswa naMwari kwaAri. Munhu akaMuisa pasi-pasi, zvino Mwari vakaMuita Wepamusoro-soro. Hapo paAiva, kubva pakuva wepasi-pasi achiva, Wepamusoro-soro.

⁴³¹ Akava wepasi-pasi kuti Agotikwidza Kumusoro-soro. Akava isu, kuti isu kubudikidza nenyasha dzaKe tive Iye, vanakomana vaMwari. Ndiko kwaAkaenda. Ameni! Rumbidzai Zita raKe. Akagadzira nzira yekuti isu tizogona kuuya, zvakare, rimwe zuva, “Nokuti Ndinorarama, nemiwo munorarama.”

⁴³² Oo, ndosaka...Kana munhu akabata chiratidzo ichocho, hapasati pambova nemunhu akakwanisa kuzvitsanangura. Vakatomboedza kuzvitsanangura, vachirasikirwa nenjere dzavo;

rwiyo rwukuru urwu: “Oo, rudo rwaMwari, rwakapfuma uye rwakachena sei! Harwunzwisisiki kwazvo uye rwakasimba!” Ndima yekupedzisira iyoyo...kana kuti ndinotenda ndima yekutanga, inoti: “Kana isu tikazadza nyanza neingi, Uye dai matenga ose akagadzirwa nebepa rekunyorera;...” Munoziva kuti izvozvo zvakanikwa kupi? Zvakanyorwa pane vakarasika njere...madziro enzvimbo inochengeterwa vakarasika njere. Hapana munhu angatombokwanisa kutsanangura Rudo rwaMwari irworwo. Oo, hazvitombotauriki, zvaVakatiitira. Ini zvangu, ungaisa seiko kukodzera kumwe chete kunze uko? Inyasha dzaKe, kubva pakutanga kusvika kumagumo. Ndakanga ndakarasika, ndakaparara, ndisingagoni kuzvibatsira, ndisina chakanaka, pasina chiripo pamusoro pazvo, uye Iye nenyasha dzaKe akauya akatiponesa. Oo, ini zvangu. Ndidzo dzaKe...Ndiye Ishe waNgu. Ndirwo rudo rwaKe, ndiko kunaka kwaKe.

⁴³³ Zvino tine maminiti angangoita manomwe nemibvunzo ingangoita gumi neshanu uye...

62. Munofunga kuti zvakanaka here kuti madzimai aite basa rokukurudzira pamweya kunze kwechechi?

⁴³⁴ Hongu. Uyu ungori mubvunzo, ungori...kwete mubvunzo wemagwaro, asi...Zvirokwazvo, ndinodaro. Hongu, changamire, tose tiri vashandi pamwe chete. Vakadzi vane nzvimbo dzavo, uye zvirokwazvo vanadzo. Hongu, changamire. Ingoita basa rose raunozvishandira raunogona kuita, uye Mwari vachakuropafadza nokuda kwaro.

Zvakanaka, zvino ngatione:

63. Ndapota tsanangurai hutatu. Ko Mwanakomana angagara sei kuruoko rworudzi rwaBaba, achireverera avo...kuna Baba, kana vasiri vanhu vaviri?

⁴³⁵ Zvakanaka, shamwari inodikanwa, ichocho...ichocho—ichocho chizaruro. Kana Jesu akati, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe,” zvino vangava vaviri sei? Maona? Zvino, havasi vaviri.

⁴³⁶ Mumwe mukadzi pane imwe nguva akati kwandiri, uye ndaitanangura izvozvo, akati, “Imi nemukadzi wenyu muri—muri vaviri, asi muri mumwe.”

⁴³⁷ Ndakati, “Asi, Mwari neMwanakomana vakasiyana neizvozvo, munoona.” Ndikati, “Muri kundiona here?”

“Hongu.”

“Muri kuona mudzimai wangu here?”

“Kwete.”

⁴³⁸ Ndikati, “Zvino, Baba neMwanakomana zvakasiyana; Jesu akati, ‘Pamunoona Ini, maona Baba.’” Maona?

⁴³⁹ Baba neMwanakomana...Baba vaive Jehovha Samasimba (Mwari) vachigara mutabhenakeri yainzi Jesu Kristu, uyo

akanga ari Mwanakomana waMwari akazodzwa. Jesu aive Munhu, Mwari Mweya. Uye hakuna munhu akamboona Mwari chero nguva zvayo, asi uyo akaberekwa ari woga waBaba ndiye akaVazivisa. Akanga ari . . . Iye . . . hunhu hwaKe, Iye pazvima, Humwari hwaKe, chero zvaAive, Aive Mwari! Akanga asiri mudiki kana kuti asiri mukuru kudarika Mwari. Asi zvakadarwo, Akanga ari Munhu. Akanga ari Munhu, imba yaigara Mwari. Ndizvozvo, Akanga ari nzvimbo yaigarwa naMwari.

⁴⁴⁰ Zvino, kana uchida mamwe Magwaro pamusoro pazvo: Hama Neville, kana mukandiwanirawo Mutsvene Marko 14:62. Uye Hanzvadzi Wood, ndiwanireiwo VaEfeso 1:20. Pane mumwe munhu ane Bhaibheri here? Zvakanaka, simudza ruoko rwako. Hanzvadzi Arnold, mune rimwe kumashure uko? Zvakanaka, ndiwanireiwo Mabasa 7:55. Zvakanaka. Marko 14:62, Hama Neville; uye raHanzvadzi Wood ndiVaEfeso 1:20; Mabasa 7:55, Hanzvadzi Arnold.

⁴⁴¹ Zvakanaka, mava naro here, Hama Neville? Zvakanaka, verengai zvino. [Hama Neville vanoverenga Gwaro racho—Mupepeti]

[Zvino Jesu akati, ndiNi: uye muchaona Mwanakomana wemunhu agere kuruoko rwerudyi rwesimba, uye achiuya ari mumakore ekudenga.]

⁴⁴² Zvakanaka, zvino, tarisai chikamu chemutsara chekutanga ipapo, Jesu akati, “NDIRI.”

⁴⁴³ “NDIRI.” Ndiani aiva NDIRI? Hakuna kumbova nemunhu munyika yose akagona kuRidudzira. Kunyangwe . . . imi vanoverenga maduramazwi nezvimwe zvakadarwo, hakuna kumbova nemunhu akakwanisa kunyatsoziva . . . NdiJ-v-h-u. Uye kunyangwe vadzidzi vechiHebheru havana kumbokwanisa kuRidudzira. Gwenzi riya raipfuta ipapo, zuva riya paAkasangana naMosesi, Raiva J-v-h-u. Saka vakaRidudzira “J-o-h, Jehovha,” asi haRisi “Jehovha.” J-v-h-u, munoona, hapana anoziva.

⁴⁴⁴ Uye munoti, “Saka, Mosesi haana kukwanisa kunyatsoRiziva.”

⁴⁴⁵ Akati, “Ndingati ndiAni?”

⁴⁴⁶ Akati, “Iti, ‘NDIRI’ akutuma. NDIRI.”

⁴⁴⁷ Zvino tarisai, NDIRI inguva yazvino, kwete “Ndaive” kana “Ndichave,” NDIRI. Zvino, Akati, “Ichi chichava chirangaridzo nemuzvizvarwa zvose: NDIRI.”

⁴⁴⁸ Zvino tarirai Jesu amire pano pamutambo zuva riya. Vakati, “Tinoziva zvino kuti wakarasika njere.” Mazwi chaiwo, “Unopenga.” (*Kupenga* ndiko “kurasika njere.”) “Tinoziva kuti unopenga. Uri muSamaria, une dhimoni.” (Mutsvene Johane, chitsauko 6) Uye akati, “Zvino, notaura kuti uri . . . wakaona Abrahamu, uye uri murume asati adarika makore makumi

mashanu okuberekwa?” (Aigona kunge aitaridzika kuve akati kurei zvishoma kudarika zera raKe, asi Aingova namakumi matatu chete, asi basa raKe.) Vakati, “Iwe unoreva kuti uri murume asati adarika makore makumi mashanu, zvino woti ‘wakaona Abrahama’? Tinoziva kuti wave kupenga zvino.” Maona?

Akati, “Abrahama asati avapo, NDIRI.”

449 “NDIRI,” Aiva NDIRI mukuru. Heunoi Achiudza maJudha aya zvakare, munoono, “NDIRI! Uye kana Mukandiona ndichiuya ndiri kuruoko rwerudyi rwesimba. . .” Ndizvo here?

450 Verengai izvozvov zvakare, hama. [Hama Neville vanoverenga Gwaro racho—Mupepeti]

[. . . uye *muchaona Mwanakomana wemunhu agere* kuruoko rwerudyi *rwesimba*, uye *achiuya* ari mumakore *ekudenga*.]

451 Verengai renyu zvino, Hanzvadzi Wood. [Chibenga chisina chinhu patepi. Hanzvadzi Wood vanoti, “VaEfeso 1:20?”—Mupepeti] Hongu, amai. [Hanzvadzi Wood vanoverenga Gwaro racho.]

[*Raakabata muna Kristu, paakamumutsa kubva kuvakafa*, uye akamugadza kuruoko *rwake* omene rworudyi munzvimbo dzekumatenga.]

452 Zvakana, verengai renyu, hanzvadzi. Munoono, Ringori rimwe chete. [Hanzvadzi Arnold vanoverenga Mabasa 7:55—Mupepeti]

[*Asi iye, azere noMweya Mutsvene, akatarisisa kumusoro kudenga, akaona kubwinya kwaMwari, naJesu amire kuruoko rworudyi rwaMwari*,]

453 Zvino, munoono, Je- . . . Mwari havaikwanisa kuva neruoko rwakakura rwerudyi, munoono, uye naJesu amire *paruoko rwaVo* rworudyi. *Ruoko rworudyi* rwunoreva “simba rehutongi.” Maona? Semuenzaniso chete, ko kana—kana dai ndaiva ndiri ini ndine simba rose rerunziro pachechi, kana kuti ndaiva bhishopi weimwe mhando, zvino Hama Neville votora nzvimbo yangu, vaizova ruoko rwangu rwerudyi. Munoono, zvinoreva kuti vari . . . vaizove kuruoko rwangu rworudyi.

454 Zvino, Jesu ari kuruoko rwerudyi rweSimba. Zvino, Anotaura kudaro, pano muna VaEfeso, paanenge achizvitsanangura, Ari kuruoko rwerudyi rweSimba. “Masimba ese ari Kumatenga nenyika” (Akadaro, mushure merumuko rwaKe) “akapiwa mumaoko aNgu. Ndine simba rose riri Kumatenga nemunyika. Naizvozvo endai mudzidzise marudzi ose, muchivabhabhatidza muZita raBaba, neMwanakomana, Mweya Mutsvene, muvadzidzise kuchengetedza zvinhu zvose zvaNdakakurairai; tarirai, Ndinemi nguva dzose, kusvikira pakuguma kwenyika.”

455 “Simba rose riri Kumatenga nepanyika.” Ndekupi ikoko. . . Kana kuina mwari kumusoro uko asiri Iye, haana simba. Munoono, hapangave nemumwe Mwari. “Masimba ose eMatenga nenyika” ari muruoko rwaKe. Saka, munoono, “Akamira kuruoko rworudyi,” (semunhu abvunza mubvunzo), hazvireve. . .

456 Zvino tarirai, mutumbi. . . Mwari Mweya. Hongu, vangani vanozvinzwisisa izvozvo? Itai, “Ameni.” Mwari Mweya, Jesu Munhu, uye Jesu akanga ari Mwari vakaitwa nyama. Jesu akanga. . . Hataimbogona kuona Mwari, munoono, Ivo Mweya. Haugone kuona mweya. “Hakuna munhu akamboona Mwari chero panguva ipi zvayo.” Hapana munhu aigona kuona Mwari.

457 Uye regai nditaure izvi, “Hamusati mambondiona.” Hamusati mambondiona muhupenyu hwenyu hwese, uye hamumbofe makandiona. Ndizvozvo. Munoono mutumbi uno unozivisa munhu uyu, ari mukati muno. Zvino, mutumbi uyu hauna Hupenyu Husingaperi, asi mweya une Hupenyu Husingaperi. Mutumbi uyu uchadzokera, asi uchamuka zvakare wakafanana nawo, setsanga yegorosi inopinda muvhu. Chikristu chakavakirwa parumuko, kwete kutsivanisa. Rumuko; Jesu mumwe chete akadzika zasi, Jesu mumwe chete akadzoka. Kana ukaenda pasi uine musoro une bvudzi dzvuku, unodzoka uine musoro une bvudzi dzvuku; kana ukaenda pasi uine musoro une bvudzi dema, unobuda uine musoro une bvudzi dema. Munoono, rumuko.

458 Paunenge uri kudya. . . Ndakabvunza chiremba izvozvo, nguva pfupi yapfuura, Ndakati, “Ko sei pandaiva nemakore gumi nematanhatu ekuberekwa. . . .Pese pandaidya, ndaivandudza hupenyu hwangu?”

459 Akati, “Ndizvozvo chaizvo.”

460 Unotora zvizenga zvitsva—zvitsva pese paunogadzira. . . nya—nyama inogadzira. . . kana kuti chikafu chinogadzira zvizenga zveropa, uye chizenga cheropa ichocho chinoita kuti uwedzere kusimba. Ndiwo mararamiro anoita. Zvino, chimwe chinhu chinofanira kufa nguva dzose, kuti iwe urarame. Zuva nezuva, chimwe chinhu chinofa: kana ukadya nyama, mhou yakafa; kana chipi nechipi chaunodya; uye hove yakafa; kana go—kana gorosi rakafa, kugadzira chingwa; mbatatisi yakafa, yakagadzira mbatatisi; uye. . . mhando yose yehupenyu; unogona chete kurarama kuburikidza nechinhu chakafa.

461 Uye unogona chete kurarama Nokusingaperi nokuti chimwe chinhu chakafa: Jesu. Kwete nekuti wakajoinha chechi, kwete nekuti wakabhabhatidzwa, kwete nekuti unopupura Chikristu; nokuti wakagamuchira Hupenyu hwaJesu Kristu hwakadeurwa. . . Ropa rakadeurirwa iwe, uye wakaMugamuchira seMuponesi wako pachako.

⁴⁶² Zvino, cherechedzai, ndinobvunza izvi. Ndinoda kukubvunzai izvi. Tarisa izvi, zvakanaka. Pamwe ndakambodzidzisa pazviri kumashure (handizivi) pano; kuparidza kwese-kwese, unokanganwa zvawakataura pane imwe. . . dzimwe nzvimbo. Asi, sei zvakadaro, zvino. . .

⁴⁶³ Zvino, ndinofungidzira, Hanzvadzi Smith. . . Handizivi kana ndaiziva Hama Fleeman kare kwakadaro kana kuti kwete. Zvino Tryphena, ndinomurangarira achiri musikana mudiki. Munondirangarira, pandakanga ndiri. . . ndaiva ndiri mupfupi, zvishoma, mufemu; bvudzi dema, rakamonana. Ndaimbomba tsva. Oo, ndaifunga kuti ndaive murume ane maitiro ehunyanzvi munyika. “Oo,” Ndaifunga kuti, “hapana aigona kundirova. Kwete, changamire.” Asi nda—ndakanyengerwa pane izvozvo, munoo. Asi ini. . . Zvino, ndakangofunga, “Oo, ini zvangu.” Ndakafunga, “Kana maigona kuisa chinhu ichi kumusana kwangu, ndaifamba ndichidzika nomugwagwa nacho.” Chokwadi, hapana chinondinetsa. Uye pese pandaيدا, ndaikura nekuwedzera kusimba nguva dzese. Nguva dzese ndaaisa hupenyu hutsva mu. . . Ndaيدا kabheji, mbatatisi, nebhinzi, nenyama, sezvandiri kungoita nhasi. Uye ndakaramba ndichiwedzera kusimba nekukura nguva dzose. Zvino pandakasvika pakuva namakore angaita makumi maviri nemashanu. . .

⁴⁶⁴ Ndinodya zviri nani zvino pane zvandaita kumashure, imi mose munondiziva, munozviziva. Ndinogona kudya zviri nani zvino, tese tiri kudaro. Asi sei, Hama Eagen, zvino, kana ndichiri kudya chokudya chiri nani, chakawanda chacho, mavhitamini ari nani nezvose. . . Uye pandinowedzera kudya, ndinoramba ndichipera zvishoma nezvishoma. Uye zvino ndave kuva murume akwegura ane mapendekete akakombama, ane mhanza, uye ari kuchena musoro, uye maoko achiunyana, chiso chichipinda mukati, mapendekete achidzika, pamangwanani zvakaoma kumuka, uye. . . Oo, ini zvangu. Sei zvakadaro? Kana ndichivandudza hupenyu hwangu nguva yese yandinodya, ko sei zvakadaro?

⁴⁶⁵ Kana ndiri kudira mvura kubva mujagi ichipinda mugirazi, uye rozara kusvika pahafu, zvino yobva yatanga kudzikira nguva dzose pachinzvimbo chekukwira; uye pandinowedzera kudira imomo, inowedzerawo kudzika. Hezvoka izvo. Uye hawaigona kuzviratidza nesainzi kana waifanira kuzviita. Bhuku iri ndiro chinhu chega chinoratidza kuti Mwari vakatemera; inguva yakatarwa, Mwari vakationa tichiuya.

⁴⁶⁶ Imi varume vechikuru, nemi vakadzi vechikuru, pamwe vamwe vevarume venyu—venyu nevakadzi venyu pamwe vakatungamira. Izvozvo hazvina—izvozvo hazvina chazvinonetsa. Hareruya! Vangori seri kwechidzitiro kumusoro, vakamirira; zvirokwazvo. Uye vari kushuva kuva nemi zvakare. Ndizvozvo, zvirokwazvo, vari. Vari kushuva kuva

pamwe chete zvakare. Bhaibheri rakati vari, mweya iri pasi peartari ichichema, “Ishe, kusvikira rinhiko?” Maona? Havasi muchinhano chavo chakafanira.

⁴⁶⁷ Mwari havana kumbotiita Ngirozi, vakatiita varume nevakadzi. Tichagara tiri varume nevakadzi, nekuti tiri chi—chibereko chenjere dzaMwari pachavo. Tinogona kugara tiri varume nevakadzi.

⁴⁶⁸ Asi chii chinozviita? Munoono, pamwe unofunga kuti pawakafamba uchidzika kuartari, iwe nemurume wako, mukataura kuti tinotorana wova mukadzi ane muchato uri pamurawu uye togara pamwe chete muchinhano chitsvene chemuchato uyu, uye nyasha dzaMwari nezvimwe zvakadaro, uye nehuchapupu hwenyu hwese hwamunopa, uye nemhiko yenyu yamakaita. Chinhu chekutanga munoziva, munotanga kucherechedza, muri vaviri. Akanga akatwasuka, uye vhudzi richipenya; uye amai nemaziso avo maduku akanaka, ebhuraani, kana maziso ebhuruu, kana chero zvaava. Oo, waimutarisa sei. Wakabudako, ukatarisa baba, “Zvino, watwasanudza mapendekete iwayo pakare”; zvino mushure mechinguva anotanga kudembera. Amai vanochena musoro, arthritis inopinda nezvimwe zvakadaro. Uye mushure mechinguva, hoyo vaenda, kana kuti hoyo murume aenda.

⁴⁶⁹ Chaiva chii? Mwari pavaakuona wakamira ipapo, Vakati, “Ndizvozvo, ndiyo nzira yaNdinokuda uri. Zvakanaka. Rufu, iwe chiuya, asi haugone kuvatora kusvikira Ndakutendera.”

⁴⁷⁰ Oo, oo, ndinofunga nezvaJobho. Hongu, Mwari vakanga vakatarisa pasi, Jobho aiziva kuti Mwari vaimuda. (Uye cherechedzai haakwanisi kukutora.) Vakati, “Wakamubata mumaoko ako, asi usatore hupenyu hwake.”

⁴⁷¹ Uye ipapo chinhu chokutanga munoziva, mapendekete akanotanga kukombama, zvino mushure mechinguva wakanga waenda. Chaive chii chakaitika?

⁴⁷² Zvino, murumuko hakuzovi nechinhu chimwe chete chine mucherechedzo werufu. Hapagoni kuva nechinhu chimwe chine mucherechedzo wenyika ino, che. . . Munoono, wanga uchikura kubudikidza nokuda kwaMwari, wakanga uine hupenyu. Ndokubva rufu rwapinda, ndokukuwisira pasi. Uchidya chikafu chimwe chete nezvose, uchinwa mhando imwe chete yemvura, zvinhu zvose; asi rufu rwakapinda. Asi mufananidzo wakatogadzirwa kare. Hareruya! Murumuko unenge wava hupenyu zvakare. Uye hapazovi nerufu, kana kuti hapambova nemufananidzo werufu, kana kuchembera, kana vakaremara kana chimwe chinhu. Tisingafi, tichamira mumufananidzo waKe, takakwaniswa nokusingaperi. Hareruya. Oo, ini. . . Izvozvo zvinoita kuti chero munhu adanidzire, kunyanya kana wasvika pazera rangu.

473 Zera rangu riri, ndinofungidzira, apo iwe, unofunga nezvazvo, zvakananyisa. Ungori apo pamhando iya yekushanduka, muri kuona. Iwe...Unotanga kuda kuziva, “Ndezveiko? Ndakaitai?” Ndinotarisa shure zasi kuno, ndinofunga, “Maihwee, zvangu! Saka, zvakaenda kupi, Ishe? Hezvino ndiri pano, nemakore makumi mana nemasere ekuberekwa, mamwe makore maviri, ndichange ndiri hafu yezana. Fiyuu! Ndingori bedzi...Chingotaraisai mweya mishoma yandakahwina; Ndinoda kuhwina mamwezve mamiriyoni nemamiriyoni.” Mwari, ndibatsireiwo.

474 Ndinovinyarira kunyange kuuya kumba pazororo. Ndofunga, “Oo, goho raibva, uye vashandi vashoma. Mamiriyoni ari muzvivi nyadzi ari kufa zuva nezuva, teererai kudana kwavo.” Ndinoenda kunorara ikoko husiku zvino ndinonzwa vahedheni vaduku vanonzwisa urombo vachidanidzira uko munyika. Vanouya sei muzviuru, vachindidhonza, uye—uye vakamira kunze uko panhandare yendege kwavaitofanira kuva nemasoja kunze uko kuti vavamise, kuti vangonzwa nyaya yaJesu Kristu.

475 Zvino kuno tinogona kukumbira, nekushambadza mubepa nezvimwe zvese, uye nokuwana nzvimbo dzakanakisisa dzekuti vagare, kuvaraidza kwakanakisa kune kuimba kwakanaka, vanouya uye, “Aaaa! Zvinoka, ndinofungidzira kuti zvange zvakanaka, havasi vechitendero changu nhai.”

476 Oo, ini zvangu, zvinogona kugara kwenguva yakareba sei—sei—sei? Hazvina...hazvina kunaka. Uye kuno tiri kurasa mazana emabhiriyoni ematani echikafu mubhini remarara, uye vanhu ivavo vaizochigamuchira nomufaro. Uye ivo zvisikwa zvepanyika zvakanakana nezvatiri. Ini zvangu, isu...Saka, hazvigone kuve zvakadaro kwenguva yakarebesa.

477 Zvakanaka, zvino, ndiAni Baba? Baba neMwanakomana Mumwe. Tarisai, muna Johane Wekutanga 5:7, Inoti, “Kune vatatu vanopupura Kudenga, Baba, Shoko (rinova Mwanakomana)...Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene: vatatu ava Mumwe.”

478 “Pane zvitatu zvinopupura panyika, zvinova mvura, ropa, neMweya.” Ndizvo zvinhu zvitatu zvakanakana mumutumbi waKristu. Vakabaya parutivi rwaKe: mvura ikabuda, Ropa rikabuda, “Mumaoko eNyu Ndinoisa Mweya waNgu.” Hezvoka izvo, ndizvo zvinhu zvitatu. Zvitatu izvi hazvisi chinhu chimwe chete, asi *zvinobvumirana* muhumwe.

479 Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene; Johane Wekutanga 5:7, inoti, “Vatatu ava *ndeMumwe*.”

480 “Mvura, ropa, neMweya *zvinobvumirana* muhumwe.” Kwete Mumwe, asi *kubvumirana* muhumwe. Saka Baba... Uye chinhu chega chaigona kuitwa nemutumbi, kana Mwari vachigona kuZviona pachavo, kuti kuburikidza nemurango wakapfuura

nemutumbi uyu, hapo pane kupesana . . . kupindira pakati ipapo chaipo, munoono. Ndipo paVanoona Ropa iroro rakamira pakati paVo nekutongwa. Herino Shoko raVo, rakati, “Nomusi wamunoudya, zuva iroro munofa.” Uye pano Jesu akati, “Ini . . . Asi Ndakatora nzvimbo yavo. Munoono, Ndakatora nzvimbo yavo.”

⁴⁸¹ Munorangarira nyaya yangu humwe husiku pandakaona chiratidzo chemukadzi akaipa chaizvo aive mukamuri imomo? Zvino ndakanga ndiri kumupomera mhosva, ndikati, “Mwari, madii mangopotitsa nzvimbo yacho?” Ipapo ndokubva Vandiratidza, munoono. Zvino ndakaenda kwaari ndokumuudza zvakanga zvaitika.

Zvino, uyu ndiwo mubvunzo wangu wekupedzisira.

64. Munofunga here, maererano neMagwaro, kuti maJudha acha . . . achagamuchira Kristu Kubvutwa kweChechi kwave pedyo?

⁴⁸² Ndi—ndi—ndinotenda chaizvo kuti Kubvutwa kweChechi . . . Aya ndiwo maonero angu pachangu, maona. Uye dai taiva nenguva, taizozvipedza, asi ya—yapfuura nine zvino. Tarisai, ndinotenda kuti maJudha achagamuchira Kristu paKuuya kwaKe kwechipiri. Zvino rangarirai, kuitira kuti munhu wacho azive izvi, meso edu aive akapofomadzwa, kana kuti, meso avo akange akapofomadzwa kuti tigone kugamuchira kuona kwedu. Chero ani zvake anoziva, Magwaro anotaure nezvazvo. Ndizvo here? Pauro anotiudza kuti edu . . . kuti taiva takapofomadzwa . . . kuti maJudha akapofomadzwa kuitira kuti tizogamuchira Kristu. Maona? Uye isu tiri muti wemuorivhi wemusango unobatanidzwa kubudikidza nekugadzwa mumuti.

⁴⁸³ Zvino heano maonero angu, ndichangokupai . . . Vandibvunza, “Munofunga here . . . ?” Zvino heino nzira yandinofunga kuti zvichaitika nayo. Handizivi. Chero zvazviri, ndine chokwadi chokuti nenyasha dzaMwari netsitsi dzaVo, tichange tiriko; munoono, nenyasha dzaVo, chero zvazviri. Ndingatadza kuzviona nemazvo, asi hezvino zvandinofunga. Ndinotenda kuti tave panguva yekupedzisira. Ndinotenda kuti zera reMarudzi riri kupera iko zvino. Ndinotenda kuti tave pakuvhara.

⁴⁸⁴ Uye zvino maJudha; hezvinoi zvinhu zviviri zvakagara zvichikanganisa maJudha: Vaive mapofu, vaisakwanisa kuzviona; uye nokuda kwekuti Marudzi, nokuda kwechinhu chimwe, nguva zhinji . . .

⁴⁸⁵ Ndakataura nemuJudha paBenton Harbor, Hanzvadzi Smith, zvino munoziva zvaakataura kwandiri? Ikoko pane dzimwe dziya dzeIsraeri . . . nzvimbo dzeIsraeri ikoko. Mubvunzo uyu pamusoro pekupodzwa kwebofu. Zvino akati, “Haugone kucheka maJudha mu . . . Haugone kucheka Mwari muzvidimbu zvitatu woVapa kumuJudha; kuVaita Baba,

Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Akati, “Haugone kuita izvozvo kumuJudha, hatisi vanamati vezvimupunzo.” Akati, “Tinotenda muna Mwari *mumwe chete*.” Maona?

⁴⁸⁶ Zvino unotanga kuita Mwari ave vatatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana, naMwari Mweya Mutsvene; zvirokwasvo unopofomadza muJudha pakare ipapo, nokuti anoziva zviri nani. Anoziva zviri nani kupfuura izvozvo. Zvinokuita kuti uve munamati wezvimpunzo sechokwadi chezviri kunamata zvimupunzo, une vanamwari vatatu. Unofanira kuvaita Mwari *mumwe chete*, havasi vanamwari vatatu, mahofisi matatu aMwari *mumwe chete*. Munooni, Mwari vakashumira vari muHubaba, Vakashumira vari muHumwanakomana, uye Vanoshumira zvino vari *mumwaka weMweya Mutsvene*. NdiMwari *mumwe chete*.

⁴⁸⁷ Ndicho chikonzero takarairwa kuti tibhabhatidze nemuZita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene; nokuti, kwete muzita re...MuZita, kwete mazita; kwete mumazita, kana muzita raBaba, muzita reMwanakomana, muzita reMweya Mutsvene; asi “muZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Munooni, tichicherechedza Mwari *mumwe chete* iyeye kuve Kristu. Munooni, ndiye Wacho zvaari, hazvigoni kuva neimwe nzira. Maona? Uye Gwaro...

⁴⁸⁸ Uye—uye ipapo kana chizaruro chedu chisiri icho, zvino Petro nevamwe vaapostori vakadzidzisa chinhu chisiri icho; nokuti munhu wose muBhaibheri akabhabhatidzwa muZita raIshe Jesu Kristu. Hapana kana munhu *mumwe chete* akambobhabhatidzwa muna “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” idzidziso yechiKatorike. Ndinogona kuzviratidza kwamuri nemashoko avo pachavo, nemaduramazwi avo ivo nezvinhu zvose. Chitendwa chechiKatorike uye kwete—uye kwete dzidziso yeBhaibheri. Uye hapana munhu...

⁴⁸⁹ Kunyange Mambo weEngland akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Anenge makore mazana matanhatu mushure merufu rwemuapostora wekupedzisira, apo yakanga isati yava kutombonzi England kareko, inonzi “Angel Land.” Ndiko kwarakabva, zita racho. Akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu.

⁴⁹⁰ Chakamutendeutsa, kaive kadhimba kaduku. Apo...Kana ndikagona kufunga, kwete Mutsvene Angelo. Zita rake raiva ani, zvino? Agabhasi, Mutsvene Agabhasi, ndinotenda aiva iye, handisi kuzove nechokwadi nezita iroro, zvino. Asi, zvisinei, akaenda kumusoro ikoko, ndokutora vamwe veava...

⁴⁹¹ Vakavadaidza kuti ngirozi nekuti, vanhu nevaAsiriya nevamwe vakadaro vaive neganda dema, zvino Varungu ava vaiva nebvudzi refu, jena, rakamonana, misoro une bvudzi jena, maAnglo-Saxon, munoziva, vane maziso ebhuruu. Zvino

vakati, “Vaitaridzika seNgirozi,” uye nokudaro vakaitumidza kuti “Angel Land.”

492 Zvino mu—muranda waJehovha akaenda kumusoro ikoko uye aiparidzira mambo wavo, zvino vakanga vagere panzvimbo huru ine moto, wepanze. Ndaiverenga nhoroondo yacho kasiri kare. Zvino shiri diki yakabhururukira muchiedza ndokudzokera ichibuda, zvino mambo vakabvunza mubvunzo, “Yabvepi uye yaenda kupi?” Maona? “Yauya muchiedza, uye taiona, uye yadzokera kunze murima. Haasi iwo here maendero anoita munhu?” akadaro.

493 “Asi aive chii asati apinda muno?” akadaro muparidzi, munoona. Zvakabata mambo; uye mangwanani akatevera, iye nemhuri yake vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Ndizvozvo chaizvo.

494 Ndokubva vzazodini? Munhu wekutanga akambosaswa kana kumbobhabhatidzwa neimwe nzira muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” aiva muchechi yeKatorike. Kusaswa kwekutanga kwakamboitika, kwaive muchechi yeKatorike. Kudurura kwekutanga kwakamboitika, kwaive muchechi yeKatorike. Chechi yechiProtestanti yagara ichibhabhatidza... muBhaibheri, vaapostori, nekunyudza muZita raJesu Kristu. Kwese. Ingwana nzvimbo imwe kwavaive nechimwewo chinhu, munoona.

495 Zvino, munguva ino, huru iyi, maJudha haakwanisi... Ndakabvunza rabhi uya, ndikati, “Rabhi, zvingakuomerai here kuti mutende vaporofita?”

496 Akati, “Ndinotenda vaporofita.”

497 Ndakati, “Muna Isaya 9:6, airevei, ‘Tazvarirwa Mwanakomana?’ Aitaura nezvaani?”

498 Akati, “Akanga achitaura nezvaMhesiya.”

499 Ndikati, “Saka Mhesiya achazvarwaka?”

500 “Hongu, Aizozvarwa.”

501 Ndakati, “Zvino kana Achizozvarwa, Ane... Achava naamai.”

502 “Hongu, Anofanira kuva naamai. Uye Anofanira kuva nababa, zvakare,” akadaro.

503 Ndakati, “Zvirokwazvo. Uye zvingave zvakakuomerai here kuti mutende kuti izvozvo hazvingave...kuti Mwari Jehovha Mukuru Vakazarura Gungwa Dzvuku, vangatadza here kubereka Mwana uyu achizvarwa nemhandara?” Maona? Hapo paaiva.

504 Akati, “Asi haukwanisi kuMuita vanamwari vatatu.”

505 Ndakati, “haAsi vanamwari vatatu.” Ndikati, “Mhesiya achava nehukama hwei naMwari?”

506 Akati, “Achange ari Mwari.”

507 Ndikati, “Zvino mazvibata. Zvino mazvibata, NdiMwari.” Ndizvozvo chaizvo.

508 Ndokubva aedza kundiudza, akati, “Saka, murume uyu akanga ari mbavha, Jesu uyu weNazareta. Aiva mbavha.”

509 Ndakati, “Rabhi, Akanga ari mbavha sei?”

510 “Handiti,” akati, “magwaro enyu pachawo akataura kuti ‘Akapinda mumunda wekoroni nomusi weSabata, akatora koroni.’”

511 Ndakati, “Zvino, rabhi, munoziva zviri nani . . . zvakawanda pamusoro peMagwaro kupfuura izvozvo. Gwaro renyu pacharo rinoti zviri pamurairo, ‘Zviri pamurairo kuti munhu aende kunodya koroni yakawanda sezvaanoda, asi asingaiise mutsaga rake achienda nayo.’ Murairo wenyu chaiwo, rabhi.”

512 Zvino akamira ipapo zvishoma, a—a—akazvitenda, nokuti a—akapupurira. Akati, mushure mechinguva, akati, “Saka, chii—chii chakakonzero maziso aJohn . . .” Akati, “Wakazviita sei?”

513 Ndikati, “MuZita raJesu Kristu.”

514 “Uh.” A—akanga asingazivi; akati, “Saka, haugone kucheka Mwari muzvidimbu zvitatu.”

515 Ndikati, “Akanga ari Jehovha akaratidzwa munyama, Rabhi. Iye . . . Ndizvo zvaAiva, Aiva Jehovha munyama. Zita raKe pacharo remunhu, ndiro raiva Zita rerudzikinuro, nokuti hapana rimwe zita rakapiwa pasi peDenga rekuti munhu agone kuponeswa, kuburikidza chete neZita iroro rerudzikinuro rwemunhu: Ishe Jesu Kristu. Ndizvozvo chaizvo. Aiva Mwari, ndiYe Mwari, Acharamba ari Mwari nokusingaperi, ndizvozvo chaizvo, Ishe Jesu Kristu.”

516 Zvino, ndinotenda kuti chechi yeMarudzi nekukurumidza icha . . . kupedziswa kwemutumbi wechechi yeMarudzi. Masuwo ari pakati . . . Jesu akati, muna Mateo 24, (Ndichatora Gwaro rimwe chete iroro kweminiti), Akati, “Vachatsika—tsika masvingo eJerusarema kusvikira mwaka weMarudzi wapera.”

517 Zvino tarisai. Zvakapiwa naIshe wedu Jesu, muna Mateo 24, kuti maJudha aizobviswa munyaya yacho. Dhanieri akati, kumashure uko muvaporofita vakare, akataura kuti pachava nemavhiki makumi manomwe achipo akatarwa, kumaJudha. Zvino Mhesiya anozouya (Muchinda) uye aizoporofita pakati pemavhiki rechimakumi manomwe, ayo aiva makore manomwe, aAizogurwa pari pakati. Tarisai kuti zvaive zvakakwana sei, Jesu akaparidza kwemakore matatu nehafu chaiwo ndokurovererwa pamuchinjikwa. Asi pane matatu . . . Ayo auya ari pane mumwe mubvunzo uyu pano. Pane makore matatu nehafu achiri akagoverwa kwavari, kumaJudha. Zvinofanira kudaro.

518 Zvino kana ukatora Zvakazarurwa, chitsauko 7, Johane akaona zviuru zana zvine makumi mana nezvina zvemaJudha

vose vakaiswa chisimbiso, vemarudzi gumi nemaviri eIsraeri. Munoono zvandiri kureva? Zvisinei zvisati zvaitika, zvekuuya.

⁵¹⁹ Zvino tarisai kuti zvakanaka sei, tisati tavhara zvino. Tarisai kuti zvinofamba zvichitenderera sei—sei. Zvino, maJudha iwayo akapofomadzwa.

⁵²⁰ Zvino, maJudha aya ari pano, vazhinji vavo vari pano, vanongori. . .munoziva zvavari, vakabata hupfumi hwenyika. Uye ivo vangori—vangori vanhu vemari, uye ndizvo zvoga zvaunogona kubuditsa mazviri, munoono; uye vanozvikudza zvikuru, uye vasina hanyn'a, uye havateereri. Asi, havasirivo vaAnga achitaura nezvavo, kana mukacherechedza.

⁵²¹ Zvino, Marudzi. . .Zvino tarisai, pachine makore matatu nehafu asara kumaJudha aya. Zvino, Jesu akati guta reJerusarema richatsikwa—tsikwa neMarudzi kusvikira mwaka weMarudzi. . .(Zvino, imi vanhu musingatendi mumwaka, ko izvoka izvo?) . . .Kusvikira mwaka weMarudzi wpera. Uye kana mwaka weMarudzi wpera (nguva yeMarudzi inenge yapera), zvino guta richadzorerwa kumaJudha. Zvino Jesu akaenderera mberi kutaura kuti chizvarwa. . .Akati, “Pamunobuda kunze moonu muti wemuonde uchitungira mabukira awo, uye nemimwe miti yose ichibukira,” akati, “munoziva kuti zhizha rava pedyo.” Akati, “Naizvozvo pamunoono zvinhu izvi zvichiitika, zivai kuti nguva yaswederwa pedyo, pamukova; uye zvirokwaswo Ndinoti kwamuri chizvarwa chino hachizopfuuri kusvikira zvinhu izvi zvazadzikiswa.”

⁵²² Zvino, vakazvitarisira muchizvarwa ichocho, “Ndizvo zvaAitaura nezvazvo.” Kwete zvachose!

⁵²³ Teerera! Akati, “Chizvarwa chakaona muonde uchitungira mabukira awo.” Zvino tarisai, Akati, “Muti wemuonde, nemimwe miti yose.” Zvino, nemamwe mazwi, “Paizove nerumutsiriro rwepasi rose panguva iyoyo.” Zvino tarisai chiporofita ichi, kuti chinoshanda sei uye chinongopindirana zvakakwana. Zvino tarisai. “Mimwe miti yose ichitungira mabukira ayo, ichimutsiridzwa.” Muti, kana wava kutungira mabukira awo, uri kumutsiridzwa. Ndizvo here? Zvino, chero munhu anoziva, mudzidzisi wechiporofita, kuti muti wemuonde wakagara uri muJudha. Tinozviziva izvozvo. Ndiwo muJudha. Zvino. . .

⁵²⁴ Uye tarisai kuna Joere, paakautora, akati, “Zvakasiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemupedzachose; zvakasiwa nemupedzachose, zvakadyiwa nemhashu; uye zvakadyiwa nemhashu. . .” Kana mukacherechedza, ndicho chipembenene chimwe chete, zvinhanho zvakasiyana: muteteni, mupedzachose, mhashu. Chingori chipembenene chimwe chete, zvinongori zvinhanho zvakasiyana zvehupenyu hwacho. Zvino tarisai, chipembenene chimwe chetecho chakatanga kudya pamuti wechiJudha kumashure uko, ndokuutemera pasi,

zvino chikatanga kudya chigodya chigodya chigodya kusvikira chausvitsa pakuva chigutsa; asi zvadaro akati, “Ndichadzoredza,’ ndizvo zvinotaura Jehovha, ‘makore ose akadyiwa nemupedzachose. Uye ndichaita vanhu vaNgu vafare.’” Munoono? Zvino, muti wakadyiwa kusvika pasi. Marudzi akabatanidzwa mauri, ichokwadi. Zvakanaka, tinofanira kuunza muchero.

⁵²⁵ Zvino kana nguva yekupedzisira yasvika, kana tave kusvika zasi kumagumo (kana ndichizviona zvakanaka), Vhangeri riri kudaro: panofanira kuva nerumutsiriro rukuru rwuri kuitika.

⁵²⁶ Zvino, manga muchiziva here kuti mureza wemaJudha ndiwo mureza wekaresa pasi rose? Uye wanga wakangogara kwemakore zviuru zviviri, kupfuura iwayo, makore angangoita zviuru zviviri nemazana mashanu. Mureza wemaJudha, iya nyeredzi yemakona matanhatu yaDhavhidhi, haina kumbobhururuka kwemakore zviuru zviviri nemazana mashanu; kubvira pakuendeswa ku—kuBhabhironi. Uye zvino, nokuti Humambo hweRoma hwakazovatora (zvino Mhesiya akauya vakaMuramba), ndokuparadzirwa kumhepo ina dzenyika. Asi maiziva here, musi wechitanhatu waChivabvu, 1946, mureza iwoyo wakadzoka pamusoro peJerusarema zvakare? Maiziva here, musi wechinomwe waChivabvu, 1946, Mutumwa waJehovha akazviratidza kwandiri (zuva raitevera) kumusoro kuno, uye akandituma pasi rose kuti ndiunze rumutsiriro? Mangwanani acho akatevera! Mureza iwoyo pawakasimudzwa muJerusarema, pakunodoka kwezuya masikati iwayo, Mutumwa waJehovha akaonekwa muno muUnited States panguva imwe cheteyo. “Pamunoono muti wemuonde nemimwe miti yose ichibukira!”

⁵²⁷ Vangani vanorangarira Nyeredzi yakaremba zasi kuno kuOhio River, makore mazhinji apfuura, paAkati... Heunoi mufananidzo waYo pano nazvino, paAkaburuka. Akati, “Mharidzo yaKo ichaenda semutungamiri weKuuya kwechipiri, sezvakangoitwa naJohane semutungamiri weKuuya kwekutanga.” Uye, tarisai, kupoterera pasi rose rumutsiriro rwakatsvaira. Makumi ezviuru akapetwa zviuru nezviuru, uye nerumutsiriro rukuru.

⁵²⁸ Vese vezvemutemo, nevese vakasiyana-siyana kwese munyika yose, uye nemachechi makuru vakati, “Mazuva aBilly Sunday apera.” Asi pavakaona chechi ichtanga kumutsiridzwa (vanhuwo zvavo), vakatozozvichengetedza panyadzi dzavo. Charles Fuller angadai akatora nzvimbo yacho, asi akanga anyanya kuchembera; saka vakaenda naBilly Graham. Zvino Mwari vakatora Billy Graham, kana kuti, chechi yeBaptisti yakazviita, uye vose vakaungana paari. Zvino Billy Graham haasi hafu yemuparidzi iri Hama Neville, kana zviri zvekuva muparidzi, kwete...kwete, kana nepadiki pose. Asi chii? Vaifanira kuzviita, isangano, uye munhu

wese ari pariri chaipo, vachiungana. Billy anotaura zvimwe chetezvo. Munoono, vaifanira kuzviita. Uye zvaifanira kuitwa kuzadzisa Shoko raMwari. Vakanga vasina Mweya wekuti vabatane pauri, saka vakatozotora Shoko rokuti vabatane pariri; saka vakadaro. Zvino Billy muparidzi weShoko, uye akanaka, zvino vakabatana; saka izvozvo zvakaisa vose vetsika dzakatonhora mumubatanidzwa wavo. Uye Munhu wemweya, nekupodza kwaMwari, nemasimba nemabasa nezvimwe zvakadaro, nezvishamiso zvaMwari, zvakaisa iyi...Chechi, Mwenga wakabvutwa une Mafuta murambi raWo, zvakaUisa murumutsiriro. Maona? Uye chechi yakatonhora yetsika yakava nerumutsiriro rwayo. Uye heino Israeri iri kutendeuka nerumutsiriro rwavo.

⁵²⁹ Ndine firimu kumusoro uko kumba kwangu izvozvi, *Maminitsi Matatu Asara Kusvika Pakati Pehusiku*. Uye tine mufananidzo wemaJudha iwayo achipinda. Achipinda; makazviona mumagazini reLook. Uye zvikepe, zvakazara, zvichibva zasi-zasi muIran uye nezasi uko; maJudha iwayo asina kumboziva kuti Jesu akambova panyika, vakaenda zasi ikoko pakutapwa neBhabhironi. Ndizvo zvoga zvavaiziva. Vairima... makazviona mumagazini reLook kana kuti *Life* nemamwe, pavairima nezvirimiso zvekare zvemiti. Zvino pavakaona ndege dziya dzichiuya, vakafunga, “Izvi ndizvo zvacho,” nokuti Mwari vakavaudza “vaizove zasi ikoko, uye vaizotakurwa vachidzokera kuJerusarema vari pamapapiro ezvapungu.” Ndizvozvo. Hapo pavari. Zvino muJudha akati, “Izvi ndizvo zvacho.” Vakabva vangokwira, uye tine mifananidzo yavo neinzwi ravo pachavo, uye ndokuvabvunzurudza; vachibva kumativi ose enyika. Vamwe vavo vakabereka vatana vavo kumusana, uye nemapofu nevakaremaro. Uye ivo vachiburuka muzvikepe kubva kumativi ose akasiyana-siyana enyika, vachiuya.

⁵³⁰ Zvino vakatanga kunhongera matombo mumatsaga, kubva pasi; uye nhasi vakawana zvitubu zvemvura, inova nyika inorimwa zvikurusa, kwazvo pasi rose. Gungwa Rakafa rine hupfumi hwakawandisa kupfuura hwedzimwe nyika dzose dzakabatanidzwa pamwe chete. MaJudha ari kudzoka; zvanga zvakavanzwa kuMarudzi, asi vari kutumbuka seruva roerozi.

⁵³¹ Vakati kwavari ivo—ivo maJudha iwayo, vakati, “Muri kudzoka kuzofira kumusha here.”

⁵³² Vakati, “Tiri kudzoka kuzoona Mhesiya. Ari kupi? Anofanira kunge ari pano.”

⁵³³ Hama, paunoono muonde uchitungira mabukira awo, Akati, “Chizvarwa ichi hachingapfuuri kusvikira zvose zvazadziswa.” Tarisai rumutsiriro kune vetsika. Tarisai rumutsiriro neChechi. Tarisai rumutsiriro rwuri kuuya nemaJudha, vakatarisira kuuya kwaMhesiya. Chechi, Chechi yakazadzwa neMweya, Mwenga

une. . . mhandara dzine mafuta mumarambi adzo dzichapinda muMabiko eMuchato.

534 MaJudha achati, “Izvi ndizvo zviya. Havo Mwari vedu avo vatanga takamirira.” Ndipo apo vane zviuru zana zvine makumi mana nezvina venyu. . . avo vekwaRussell vakavhiringidzika nezvavo. Havo maJudha aye amire apo achaMugamuchira. Vakati, “Havo Mwari vedu avo vatanga takamirira.” VachaMuona, voti, “Makaawanepi? Makaawanepi mavanga iwayo ari muruoko rweNyu?”

535 Akati, “Ndakaawana mumba meshamwari dzaNgu.” Ndizvozvo, “Imba yeshamwari dzaNgu.”

536 Achaita sei? Chechi yeMarudzi ichatorwa ichipinda muKubwinya uye Mwenga ucharoorwa naKristu.

537 Josefa akazvizivisa sei kuvanhu vake? Akaburitsa Murudzi wese kubva muhupo hwake. Zvirokwazvo akadaro. Chii chichaitika kune vakasara vembeu yomudzimai? Shato yakabuditsa mvura mumuromo mayo kuti iite hondo; Jesu akati, “vachakandirwa kurima rekunze, uye kuchava nokuchema nokuungudza nokugeda-geda kwemeni,” nguva huru dzekutambudzwa pamwe nemiedzo dzichauya kucheche yeMarudzi.

538 Chii chichaitika ipapo? Kana kufira chitendero kwasvika, kana Mwari vapatsanura zvinhu zvose kubva kumaJudha iwayo ari uko, Jesu achadzoka sezvakaita Josefa. Vakati vanzwa Josefa, paakaburitsa varindi vake vose nezvimwe zvinhu zvose, uye ndokuona Benjamin mudiki nevamur vakamira ipapo, uye naivo vachitendeuka nekuda kwekuuraya Josefa. Vakafunga kuti vakanga vauraya Josefa, zvino heunoi akamira pamberi pavo. Akati, “Ndini Josefa. Ndiri hama yenyu.”

539 Vakabva vadedera chaizvo, “NdiJosefa. Zvino tava kumuziva.”

540 PaAchati, “Ndini Jesu. Ndini Mhesiya.”

541 Ivo vachati, “Oo, ini zvangu, zvino zvatichagamuchira!”

542 Zvose zvakaitirwa mbiri yaMwari. Hazvizove kuti Iye. . . Saka, vaimunzwa achichema kusvika uko mumuzinda waFarao, Josefa achivachemera.

543 Mirirai kusvikira Jesu aona maJudha aya aAkatozopofomadza kuti isu Marudzi tiwane mukana wekupindamo, ichava imwe nguva, ndiri kukuudzai. Achatora maJudha iwayo, musambonetseka, maJudha iwayo achaponeswa. Hongu, changamire, panofanira kuvapo. Uye ndiyo pfungwa yangu pazviri, handikwanise kuzviona chero kumwewo muRugwaro. Unofanira kuchengeta vatatu ivavo pamwe chete, zvakare.

544 Unofanira kuchengeta mhandara ya—yakarara, che—chechi ingori yamazuva ose, inongopupura, munoona. Unofanira

kuwana chechi...Ndiko kuti, muJudha kutanga, muJudha kutanga, anongove munhu akapofomadzwa akamirira ari padivi. Unofanira kutora danho rinotevera, rinova mhandara yakarara, yakanga ichinonokera, uye yakangobuda ndokuenda kuchechi, ndokujoinha chechi, uye ari muchinda akanaka kwazvo. Zvino unofanira kutora Chechi, yemweya, Kubvutwa, Mwenga, hoyo paakamira. Vanhu vatatu ivavo, haugone... havana kusanganiswa, kwete nepadiki pose. Vose havana kufanana. Kwete Jehovah Witness ichiti, “kune zviuru zana zvine makumi mana nezvina ndiwo Mwenga”; izvozvo handizvo. Ndiwo maJudha, maona. Hoyo Mwenga, maJudha, nemhandara yakarara. Uye iwe unotora vese, woti, “Saka, vese vari vatatu vari munzvimbo dzakasiyana.” Vose vari, mapoka matatu akasiyana evanhu. Chokwadi, havagoni.

⁵⁴⁵ Zvino kana Jesu adzoka panyika...MaJudha, ivo chii? Mayunaki emutemberi. Zvino kana Jesu adzoka, Anouya *pamwe* neMwenga. Jesu anouya katatu: Akauya kekutanga kuzodzikinura Chechi yaKe, Anouya kechipiri kuzogamuchira Chechi yaKe, Anouya kechitatu *pamwe* neChechi yaKe. Maona? Ndizvo chaizvo. Saka kwese kuuya kumwe chete kukuru kwakakwana, zvose ndiMwari vamwe chete vakuru vakakwana; zvose ndiKristu mumwe chete mukuru akakwana; Chechi imwe chete huru yakakwana, rudzikinuro rwumwe chete rwukuru rwakakwana,...zvose; zvinouya muhutatu, asi zvose zviru mune Mumwe. Maona? Havasi vanhu vatatu, kwete vatatu *ava*; angori Munhu mumwe chete, Chechi imwe chete, Mutumbi mumwe chete, Kristu mumwe chete, Ishe mumwe chete “ari mamuri mose, uye kubudikidza nemi mose,” nezvimwe zvakadaro zvakaita saizvozvo. Zvose zvimwe chete!

⁵⁴⁶ Ishe vakuropafadzei. Ndakubatai kwenguva refu kwazvo.

⁵⁴⁷ Ishe vachitendera, zvino, kana zvikaitika kuti ndauya zvakare kwehusiku hushoma, kana imwe Svondo manheru kana zvimwe zvakadaro, kana mufundisi pano vasina chimwe chinhu pamwoyo wavo, ndichaedza kupindura iyi pano. Oo, pane mimwe yakanaka kwazvo pano. Vangani vangada kuinzwa? Oo, ndinongoida. Regai ndiidzokorore zvakare, nokukasika chaiko, tisati tadzorerera shumiro kumufundisi.

⁵⁴⁸ Ingoteererai kune iyi:

Matombo anomiri-...? Ko matombo ayo anomirirei ari muna Zvakazarurwa, 21? Uyu wakanaka.

Tsanangurai zvipuka zvina zvemuna Zvakazarurwa 5. Hoyo mumwe wakanaka.

Ndivanaani vakuru makumi maviri nevana? Hoyo mumwe wakanaka, munoona.

Ko shinda tsvuku yaGenesi 38 yairevei? Rangarirai, akaenda akanotora muroora wake ndokurarama naye sechifeve; uye akaita mubhadharo zvino akauya; zvino ipapo

mwana paakauya, vakasungira shinda tsvuku paruoko rwake (akasundira kunze ndokubva adzokera mukati), a—anotevera wacho ndokumutangira kubuda. Oo, uyu wakanaka; chokwadi ndizvo.

Ndezvipi zvipo zvichatumirwa nekuda kwerufu rwezvapupu, muna Zvakazarurwa 11? Ndipo apo Mosesi naEria vanodzoka kurumutsiriro kune vaya zviuru zana zvine makumi mana nezvina. **Zvipo zvacho chii?** Tarisai izvo zvairi, zvakanaka kwazvo.

Vatsvene vachavepi mushure mechiuru chemakore... (hoyo wakanaka, vakomana. Ko...)**...kutonga? Vachava nemhando ipi yemutumbi?**

Tichatonga sei vatumwa?

Nei bvudzi richiva rengirozi muna VaKorinde Vokutanga? MuBhuku raVaKorinde Vokutanga. Mimwe yakanaka, yakanaka chaizvo.

⁵⁴⁹ Ishe vakuropafadzei. Ndinovimba kuti Ishe vanotitendera kuti tiuye pamwe chete uye tikurukure zvinhu izvi, zvese kuitira kubwinya kwaVo. Tinogona kusawirirana pane pfungwa dzazvo; asi ndichataura chinhu chimwe chete, kana imi mose muchiwana mufaro wakawanda kuinzwa sezvandinoita ndichitaura nezvayo, tiri kuva nenguva yakanaka kwazvo. Amen. Amen.

⁵⁵⁰ Zvakanaka, Ishe vanyatsokuitirai zvakanaka kwazvo zvino. Musakanganwa shumiro. Nhepfenyuro yaHama Neville, zvino, iri paWLRP, Mugovera mangwanani nanine o'clock; vaimbi vana vekwaNeville, uye ndine chokwadi kuti vachakuitirai zvakanaka, vhurai muvateerere. Uye kana ndikakwanisa, kana ndikadzoka nguva ichipo, kana kuona kuti ndichadzoka, ndichafonera mudzimai wangu; kana Ishe vakanditendera kuti ndiende kunoono mutana Hama Bosworth vanodikanwa. Ini . . . Imi mose . . . zvino ndichadzoka Svondo manheru.

⁵⁵¹ Ishe vakuitirei zvakanaka zvino. Zvino hama, mufundisi, huyai pano kweminiti; uye ngavatore shumiro. Uye:

Usakanganwe munamoto wemhuri,
Jesu anoda kusangana newe ipapo;
Iye achatakura mitoro yako yose,
Oo, usakanganwe munamoto wemhuri.

⁵⁵² Munochifarira here? Vangani vanonamata mumba menu? Ngationei, vese . . . vese . . . Zvakanaka, garai pedyo naMwari. Ivai vana vadiki, vakanaka, Mwari vachakuropafadzai.

Zvakanakai, Hama Neville.



MIBVUNZO NE MHINDURO VA HEBHERU CHIKAMU II SHO57-1002
(Questions and Answers on Hebrews Part II)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAZVIBATIRO, HURONGWA NE DZIDZISO ZVEKEREKE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Gumiguru 2, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org